ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№90 (24.840) • 2025 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 26, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іап Іэм къызэритамкІэ



## Герхожан и щытыкІэм егъэгузавэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ІущІащ автомобиль гъуэгухэр къэгъэсэбэпыным пыщІа «Кавказ» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм и унафэщІ Лукашук Александр.**

НЭХЪЫЩХЬЭУ зытепсэлъыхьар Прохладнэ - Бахъсэн - Іуащхьэмахуэ автомобиль гъуэгум хыхьэу Герхожан псым телъ лъэмыжым и щытыкІэрщ, бадзэуэгъуэм и 21-м щІыналъэм къыщеха ятІэпс псыдзэр абы зэран зэрыхуэхъуарщ.

ИрагъэкІуэкІа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкІэ, лъэмыжыщхьэр текІуэтащ икІи ухуэныгъэр зэрыщыту метр ныкъуэкІэ етІысэхащ.

А лъэмыжым мыхьэнэшхуэ иІэщ, сыту жыпІэмэ абы кІуэцІрокІ Іуащхьэмахуэ щІыналъэм хыхьэ жылэхэмрэ турист ухуныгъэхэмрэ зэпызыщІэ гъуэгухэр. Ар икІэщІыпІэкІэ зэгъэпэщыжынри псом япэ игъэщыпхъэ къалэнщ.

Зэман гъунэгъум комиссэ хэхам лъэмыжым и щытыкІэр зыхуэдэр нэсу зэхигъэкІынущ икІи абы кърикІуам ипкъ иткІэ, ар зэрызэрагъэпэщыжыну щІыкІэр яубзыхунущ.

Апхуэдэуи и гугъу ящІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэрал мыхьэнэ зиІэ и гъуэгухэм я щытыкІэм, адэкІи абыхэм зегъэужьынымрэ ахэр егъэфІэкІуэнымрэ пыщІа лэжьыгъэхэм.

Къызэрыхагъэщамк Іэ, мы зэманым къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж Аргуданрэ Осетие Ищхъэрэмрэ я гъунапкъэм хуэзэ гъуэгум щыщу километр 15 хъу Іыхьэр. Ар зэуэ лъэныкъуитІымкІэ автомобилхэр щызэблэкІыу щытауэ арати, иджы нэхъ бгъуэ ящІ, зэбгъурыту автомобилиплІ техуэу яукъуэдий. Ухуэныгъэр 2026 гъэм ятыну я мурадщ.

Дызэрыт илъэсым зэфІагъэкІыну я мурадщ Р-217 «Кавказ» гъуэгум Къубэ-Тэбэ деж иІэ Сухой къуэбэкъум щытралъхьэну лъэмыжымрэ Прохладнэ - Бахъсэн - Іуащхьэмахуэ гъуэгум щхьэщыкІ гъуэгумрэ. 2027 гъэм къриубыдэу къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ Лэскэн щІыналъэм хиубыдэу Урыху псым телъ лъэмыжыр.

ЗэІущІэм и кІэухым КІуэкІуэ Казбек Лукашук Александр фІыщІэ хуищІащ ди щІыналъэм и гъуэгухэмрэ экономикэмрэ зегъэужьыным хуэунэтІауэ зэфІагъэкІ лэжьыгъэшхуэм, а ІэнатІэхэм хуащІ хэлъхьэныгъэм, Тырныауз къыщехьа псыдзэм къыдэкІуа зэтекъутэныгъэхэр гъэзэкІуэжынымкІэ зэрызыкъыщІагъакъуэм папщІэ.

Шэч хэмылъу, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ «Кавказ» управленэмрэ я зэдэлэжьэныгъэр щапхъэу къэплъытэ хъунущ, абы нэхъыщхьэу къикІуэращи, цІыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпІэмрэ къызэгъэпэща мэхъу.

## Псыдзэм къытригъэзэжыфынущ

**Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек цІыхухэм захуегъазэ Тырныауз деж къыщеха псыдзэм кърикІуа щытыкІэ къызэрымыкІуэм и зэран зыми къемыкІын папщІэ.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыпсэухэу, абы и хьэщІэхэу пщІэ зыхуэтщІхэ!

Дуней къэхъукъащІэхэм кІэлъыплъ ІуэхущІапІэхэм къызэратамкІэ, Герхожан псым и жапІэр ятІэпсым икудащ, а щІыпІэм иджыри псыдзэ къыщехынкІэ хъунущ. ЯтІэпс къехыр ирикІуэным хуэщІа кІэнауэм пэгъунэгъуу щыт псоми зыфхузогъазэ а щІыпІэм фыкъикІыну.

Къэхъукъащ Іэ къызэрымыкІуэхэм епха, къэгъэлакІуэ, гъуэгуухуэ ІэнатІэхэр жэщ-махуэ ямыІэу мэлажьэ.

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Тырныауз лъэныкъуэкІэ зэкІэ фымыкІуэну зыныфхузогъазэ.

ЩытыкІэ гугъу къэхъумэ зызыпыфщІэну телефоныр - 112», - итщ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым.

Нэхъ пщыхьэщхьэхуэкІуэу КъБР-м и Іэтащхьэм дыщигъэгъуэзащ Герхожан псыр нэхъ зэрысэбырам икІи коммунальнэ, гъуэгуухуэ ІэнатІэхэм абы Іэмал къызэрэрыритам я зэфІэгъэувэжыныгъэ лэжьыгъэхэм адэкІи пащэну.

## Насыпыншагъэр гурэ псэкІэ ядыдогуэш

**Амур областым насыпыншагъэшхуэ къыщыхъуащ - абы къыщехуэхащ Ан-24 кхъухьлъатэр икІи цІыху куэд, сабийхэри яхэту, хэкІуэдащ.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ щыпсэухэм къабгъэдэкІыуи си щхьэкІи сахуогузавэ Амур областым и губернатор Орлов Василий, а гузэвэгъуэм хэкІуэдахэм я унагъуэхэм, щІыналъэм щыпсэухэм.

Дэ зыхыдощІэ фи гуауэр, унагъуэхэм къатепсыха насыпыншагъэр гурэ псэкІэ ядыдогуэш», - щитхащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и телеграмм-каналым.

## Къытхуагъэна лъапІэныгъэхэм дытекІынукъым

**КІуэкІуэ Казбек иригъэкІуэкІащ КъБР-м и Іэтащхьэм къегъэщІылІауэ лажьэ, Урысейм хабзэкІэ щызекІуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапІэныгъэхэр хъумэнымкІэ советым и зэІущІэ.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭР тепсэлъыхьащ цІыхубэ гъащІэм щытепщэ зэхэтыкІэ хабзэхэр хъумэн, ахэр зэтракъутэным хуэпабгъэу къебгъэрыкІуэ псоми япэщІэтын зэрыхуейм, тхыдэм и пэжыр зэрахъуэкІыныр яхуэбдэ зэрымыхъунум.

УФ-м и Президент Путин Владимир зи гугъу ящІ Іуэхугъуэр къэралым и щхьэхуитыныгъэм, и шынагъуэншагъэр къэмытІэсхъэным, цІыхубэр мамыру псэуным, абыхэм я бжыгъэм хэхъуэным зэрепхар къыхигъэщ зэпытщ. Урысейм и шынагъуэншагъэр хъумэнымкІэ советым мэкъуауэгъуэм и 10-м иригъэкІуэкІа зэІущІэм къыщыхагъэщащ хабзэкІэ къэралым щызекІуэ псэкупсэ-щэнгъасэ лъапІэныгъэхэр къызэтегъэнэныр политикэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм язу зэрыщытыр.

Мыхьэнэ етын хуейщ ди цІыхухэм, псом хуэмыдэу - щІалэгъуалэм я гупсысэкІэр ягъэутхъуэн мурадкІэ щІыналъэм щызэрахьэ лъапІэныгъэхэр зэтракъутэу, цІыху щхьэхуэм игурэ и щхьэрэ зэтрахуным щІэхъуэпсхэр зэрыщыІэм. Апхуэдэхэм ткІийуэ япэщІэувапхъэщ, лъэпкърэ динкІэ зэпэщІэтыныгъэ къэзыгъэхъеину хэтхэм ар къехъулІэнкІэ Іэмал иІэкъым.

Зыр адрейм дэІэпыкъуныр, нэхъыжьхэм пщІэ яхуэщІыныр, тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ихъума хъугъуэфІыгъуэхэм я мыхьэнэр къызэтегъэнэныр, унагъуэм и пщІэр - а псори ди япэ итахэм, ди лъэпкъхэм зэрахьэ динхэри я тегъэщІапІэу, лІэщІыгъуэ бжыгъэкІэрэ зэтрагъэуващ, ауэ щыхъукІэ, лъэпкъ хьэлри псэукІэ хабзэри абыхэм ядэкІуэдакъым.

Зэхуэсым къыщаІэта темэр куэдым я гум къиишхыдыкІащ икІи Советым хэтхэм я еплъыкІэр къагъэлъэгъуащ, хэкІыпІэу къалъытэхэмкІэ зэдэгуашэу.

«Ди республикэм щыпсэухэм я зэкъуэтыныгъэр, абы игъащІэ лъандэрэ щызэрахьэ псэукІэ хабзэхэр хъума хъун папщІэ, дяпэкІи Къэбэрдей-Балъкъэрыр тетынущ УФ-м а Іуэхум хуиІэ бгъэдыхьэкІэмрэ къэрал политикэмрэ», - иритхащ КІуэкІуэ Казбек и телеграм-каналым, зэхуэсым щытепсэлъыхьыжым.



## Псэемыблэжу я ІэнатІэр ирахьэкІ

**УФ-м СледствэмкІэ и органхэм и лэжьакІуэхэм я махуэмкІэ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек ехъуэхъуащ.**

«СИГУМИ си псэми къабгъэдэкІыу сынывохъуэхъу республикэм следствэмкІэ и ІэнатІэм и къудамэ псоми щылажьэхэм фи махуэщІымкІэ.

ФІыщІэ фхузощІ нобэ щыІэ щытыкІэ гугъум емылъытауэ, фи лэжьыгъэр зэпэщу зэтеублауэ зэрефхьэкІым, псэемыблэжу Хэкум къулыкъу зэрыхуэфщІэм, ІэнатІэм, дзэ Іуэху хэхар щекІуэкІ щІыпІэхэм лІыгъэ къызэрыщывгъэлъагъуэм папщІэ.

Урысейм СледствэмкІэ и комитетым, абы и щІыналъэ къудамэхэм, МВД-м, ФСБ-м я следователхэм къэралым и пщІэр, цІыхухэм я хуитыныгъэр жэуалыныгъэ яхэлъу яхъумэ.

СледствэмкІэ органхэм я лэжьакІуэхэр, я ІэнатІэм къазэрыхуигъэувщи, терроризм, экстремизм щІэпхъаджагъэхэр, къэралым, жылагъуэм я шынагъуэншагъэр къызэпызыудынкІэ хъуну Іуэхугъуэхэр къыщІэгъэщыным я гъащІэ емыблэжу яужь итщ.

Шэч къытесхьэркъым къапэщыт къалэнхэр пщІэрэ щІыхьрэ яІэу адэкІи зэрагъэзэщІэнум.

Узыншагъэ быдэ фиІэну, фи унагъуэхэм зэІузэпэщыгъэ илъыну, фи ІэнатІэм ехъулІэныгъэ щывиІэну сынывохъуэхъу».

● Тхыдэ



# Кавказыр хуит къащIыжын щIадзат

**Ди къэралым и тхыдэ напэкIуэцIхэм къыхэбелджылыкI махуэщIхэм ящыщщ бадзэуэгъуэм и 25-р. Советыдзэм а махуэм иублауэ щытащ Кавказыр хуит къэщIыжыным хуэунэтIа дзэ Iуэхур. Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек а махуэм теухуа и тхыгъэ итщ абы и телеграм-каналым.**

«АБЫ теухуа планыр зэхагъэуваурэ щытащ советыдзэм и унафэщI дзэпщхэм, зыхъумэжыныгъэмрэ ебгъэрыкIуэныгъэмрэ ятещIыхьа, стратегие мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэу къалъытэу. «Зы лъэбакъуэкIи уикIуэт хъунукъым!» псалъэхэр 1942 гъэм и гъэмахуэм хъуат Дзэ Плъыжьым хэтхэм яхуэгъэза къыхуеджэныгъэ лъэщ. Ди сэлэтхэмрэ офицерхэмрэ ерыщу бийм пэщIэуват, жылэ къэс, къалэ къэс, лъагапIэ къэс абы къыIэщIахыжыным лIыгъэ яхэлъу щIэзэууэ.

Кавказыр хуит къэщIыжыным хуэгъэза зэзауэр Хэку зауэшхуэм и тхыдэм хыхьащ кIыхьлIыхьу екIуэкIа лъыгъажэшхуэу. Ар иухащ 1943 гъэм и жэпуэгъуэм и 3-м. Абы щыгъуэ ди щIыналъэм къанэ щымыIэу щызэтраукIащ фашистыдзэхэр.

Ди дзэхэм яхэлъа къызэрымыкIуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ зэтрагъэщэхащ Кавказым теухуауэ Германием иIа мурад бзаджэхэр. Бийр хуейт Кавказым и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр зыIэригъэхьэу ехъулIэныгъэкIэ дунейпсо зауэм иджыри пащэну. Ауэ советыдзэм фашист зэрыпхъуакIуэхэм я ебгъэрыкIуэныгъэр къызэтригъэувыIа къудейкъым, атIэ бийр хигъащIэри, иубыдауэ щыта жылэхэри хуит къищIыжащ.

Сталинградрэ Кавказ щIыналъэмрэ ди дзэхэм щызыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэхэр хъуащ Дзэ Плъыжьыр Берлин хуэзышэу ТекIуэныгъэ Иныр къихьыфынымкIэ джэлэс нэхъыщхьэ. Кавказым папщIэ екIуэкIауэ щыта зэзауэр лъэпкъыбэу зэхэт ди цIыхухэм я гум игъащIэкIи илъынущ.

Мы зэманым ди зауэлIхэр аргуэру Iутщ зауэ IэнатIэ гугъум – Урысей Федерацэм дуней псом и лъэпкъхэр щехъумэ нацистхэм я бзаджэнаджагъэ иным. Си фIэщ мэхъу абыи ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьынур.

Щхьэщэ лъахъшэу яхузощI Хэкум и хъумакIуэ псоми.

Кавказыр зыхъумахэм я фэеплъыр мыкIуэдыжынщ», - етх КъБР-м и Iэтащхьэм.

# Аскэр и фэеплъыр уахътыншэщ

●Дызэкъуэту



**Лыгъэр, хахуагъэр, Хэку лъагъуныгъэр сыт щыгъуи ди лъэпкъ хабзэу, абы щIэблэр щIапIыкIыу къекIуэкIащ. Ди зэманми ахэр зэрамыгъэгъуащэр щынэрылъагъущ щIалэгъуалэм я деж.**

УЛЫМБАЩ Аскэр Амырхъан и къуэр лIыхъужьыгъэ хэлъу хэтащ дзэ Iуэху хэхам. 2022 гъэм къулыкъу ищIэну дэкIа щIалэр тIэу уIэгъэ хъуат, ауэ къикIуэтатэкъым. Абы и лIыгъэм къыпэкIуащ Жуковым и медалымрэ щIыхь тхылъ куэдрэ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, 2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м и дзэ къулыкъур игъэзащIэу ар хэкIуэдащ.

Аскэр и ныбжьыр 31-рэт зэрыхъур. Ислъэмей къуажэ школымрэ колледжымрэ къиуха нэужь, и щIэныгъэм щыпищат Москва дэт автомобиль-гъуэгу къэрал техникэ университетым.

ЛIыхъужьым и фэеплъ пхъэбгъур иджыблагъэ къыщызэIуахащ щIалэр щалъхуа къуажэм и езанэ школым. Улымбащ Аскэр и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пэкIум хэтащ район, къуажэ администрацэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щIалэм и благъэ-Iыхьлыхэр, ныбжьэгъухэр.

Фэеплъ пхъэбгъур щIынымрэ ар къызэIухынымрэ я жэрдэмщ «ЗауэлI зэкъуэтыныгъэ» зэгухьэныгъэм и ветеранхэу Улымбащ Хьэсанш, Къылъшыкъуэ Алий, ГъукIэ Руслан сымэ. Абы я Iуэхур даIыгъащ Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Балъкъыз Артуррэ Бахъсэн щIыналъэм щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ и советым и унафэщIым и къуэдзэ Iэхъуэбэч Андзоррэ.

Урысей Федерацэм и Президентым и УнафэкIэ Улымбащ Аскэр хэкIуэдауэ хуагъэфэщащ «ЛIыхъужьыгъэм и орденри». Iэхъуэбэч Андзор а дамыгъэ лъапIэр щIалэм и адэм иритыжащ. Абы жиIащ: «Ди лъахэгъу, Хэкум папщIэ зи гъащIэр зыта щIалэм ди щхьэр худогъэщхъ. Абы и лIыгъэр, хахуагъэр, къикIуэт имыIэу Хэкум къулыкъу зэрыхуищIар дэ зыщыдгъэгъупщэнукъым. ЛIыхъужьыгъэр уахътыншэщ».

Къэпсэлъам дыщIигъуащ лIыгъэм и щапхъэу щIэблэр зыдэплъеипхъэр Улымбащ Аскэр хуэдэ щIалэхэр зэрыарар.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**




# Зэхуэдэ Iэмал щагъуэт

**«Урысейр псоми зэхуэдэ Iэмал щагъуэт къэралщ» президент платформэм «Сенеж» IуэхущIапIэр и гъусэу къызэригъэпэща «Министерство контента» Iуэхум хэхуахэр къагъэлъэгъуащ.**

ЕГЪЭДЖЭНЫГЪЭ программэм хэтыну хуейуэ тхыгъэ мини 8-м щIигъу Урысейм и щIыналъэхэм ягъэхьат. Абы щыщу щIэныгъэ гуэдзэн зрагъэгъуэтыну Iэмал иратащ цIыху 600-м. Апхуэдэхэм яхэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ егъэджакIуэ, блогер, цIыхухэр тхыдэм дезыгъэхьэх Сыжажэ Каринэ (сурэтым) .



Ди республикэм и закъуэ къапщтэмэ, цIыху 19-м я тхыгъэхэр ягъэхьат зэпеуэм. Зи IуэхущIафэ нэхъ щIэщыгъуэ ящыхъуа Каринэ «ТопБлог» Iуэхум и еплIанэ зэхыхьэгъуэм хэтщ, «Министерство контента» программэм щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмкIэ и Iыхьэм зыкъыщигъэлъэгъуащ. Къызэрыхэдгъэщащи, Сыжажэр тхыдэмкIэ егъэджакIуэщ, узэщIакIуэхэм я унэтIакIуэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм щIыналъэм и лIыкIуэщ.

Каринэ иригъэкIуэкI блогым ди тхыдэр хьэрф «гъущэкIэ» къыщримытхэкIыу, гу зылъитэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэнхэр цIыхум ягу нэхъ ираубыдэн, я къэухьым хагъэхъуэн хуэдэу видеокIэ къахуеIуатэ. Езым зэрыжиIэщи, егъэджэныгъэр узытезашэ лекцэ къудейуэ щытын хуейкъым, атIэ абы псэ зыхэт, узыIэпызышэ ухуэкIэ егъэгъуэтыпхъэщ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм хъыджэбзым Iэмал кърет и щIэныгъэмкIэ социальнэ сетхэм цIыхухэм щадэгуэшэну.

Сыжажэр лекцэ къыщоджэ «ЩIэныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэми. Ар ядолажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм, зрегъэужь студент щIэныгъэ зэгухьэныгъэм. «ТопБлог» Iуэхум ар щIыхыхьари гурыIуэгъуэщ - и щIэныгъэм, Iуэху еплъыкIэм цIыхухэр щигъэгъуэзэну зэрыфIэфIырщ.

- Си лэжьыгъэм, махуэ къэс къэсхутэ гуэрхэм, гъащIэм сызыщрихьэлIэ щапхъэхэм сытепсэлъыхьын сфIэфIти, зэгуэрым сегупсысащ: си еджакIуэхэм я мызакъуэу, нэхъыбэжми си Iуэху еплъыкIэхэр яфIэгъэщIэгъуэнынкIи хъунущ, жысIэу. Пэжыр жысIэнщи, си блогыр иджыпсту адрей егъэджакIуэхэми сэбэп яхуохъу, еджакIуэхэращи - тхыдэм нэгъуэщIынэкIэ ирегъэплъ, нэхъ дригъэхьэхыу къысщохъу, - къыхегъэщ Сыжажэ Каринэ.

«Министерство контента» Iуэхум Каринэ щогугъ и IэщIагъэм зэрыщыхигъэхъуэным нэмыщI, зы лъэныкъуэкIэ плъэ, зи гупсысэхэр зэтехуэ гупыфI зэгъэуIуа щыхъуну.

- Президент платформэм иригъэкIуэкI Iуэхум ипкъ иткIэ сыхуейт егъэджэныгъэм епха IэщIагъэлI нэхъ пажэхэмрэ блогерхэмрэ я Iуэху бгъэдыхьэкIэм щхьэпэ гуэр къыхэсхыну, щIэныгъэм зэрызедгъэужьыну Iэмалхэм нэхъ кууэ дыхэплъэну. Си блогыр хъыбарегъащIэ хуэдэу щымыту, цIыхухэр абы зэщIигъэуIуэу, зы Iуэхум щызэделэжьыфу сщIыныр си хъуэпсапIэщ, - дыщIегъу Сыжажэм.

Зи гугъу тщIы зэхьэзэхуэм пхыкIахэр медиа IэнатIэм и IэщIагъэлI нэхъ пажэхэм щрагъэджэнущ «Сенеж» IуэхущIапIэм. ИужькIэ гуп-гупурэ министерствэхэм я гъусэу проект щхьэхуэхэм щрагъэлэжьынущ. НэхъыфIу зыкъэзыгъэлъагъуэхэм Iэмал яIэнущ адэкIи министерствэхэм ядэлэжьэну.

«ТопБлог» урысейпсо Iуэхур ягъэзащIэ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. Абы и мурад нэхъыщхьэр социальнэ сетхэм Iуэхугъуэ щхьэпэхэр щызэбгрызыгъэкIхэр къэхутэнырщ, абыхэм я лэжьыгъэр ядэIыгъынырщ.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы зэманым къэрал IуэхущIапIэхэр гупсысэ гъэщIэгъуэн зиIэ IэщIагъэлIхэм жыджэру зэрадэлажьэр, сэбэп зыпылъ хъыбархэр зэбграгъэкIыным, щIыналъэм и зыужьыныгъэм ехьэлIа Iуэхухэм цIыхухэм гу лърагъэтэным зэрыхущIэкъур. Апхуэдэу къыхалъхьащ «Медиакампус» егъэджэныгъэ Iуэхури. Абы гупыж зыщI дэтхэнэри, я ныбжьым емылъытауэ, хыхьэну хуитщ. Егъэджэныгъэр теухуауэ щытынущ ди къэралым и псэукIэм нэIуасэ хуэзыщI напэкIуэцIхэр Интернетым зэрыщагъэлажьэ щIыкIэм, нэгъуэщIхэми.

- Мы егъэджэныгъэ Iуэхур иджы япэу Урысейм щекIуэкIыу аращ, федеральнэ министерствэхэмрэ блогерхэмрэ зэрызэдэлэжьэнур яубзыхуу. Нобэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ IэщIагъэлI пажэхэр дгъэхьэзырыным, абыхэм ди лъэпкъ гупсысэхэмрэ хъугъуэфIыгъуэхэмрэ я тегъэщIапIэу цIыхухэм ядэгъэлэжьэным, - жеIэ «Урысейр псоми зэхуэдэ Iэмал щагъуэт къэралщ» президент платформэм и унафэщI, «Сенеж» IуэхущIапIэм и ректор Бетин Андрей.

Мы Iуэхур егъэкIуэкIынымкIэ къызэгъэпэщакIуэхэм я щIэгъэкъуэнщ Урысейм Узыншагъэр хъумэнымкIэ, ЩэнхабзэмкIэ, Мэкъумэш IэнатIэмкIэ, ЩIэныгъэмкIэ, Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэхэр.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Парламентым и етIуанэ зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **Яценкэ Юрий Георгий и къуэм** и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм, «КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» республикэ хъыбарегъащIэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм я лэжьакIуэхэр «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м и видеооператор **Гречкэ Николай Николай и къуэм** хуогузавэ абы и анэ **Гречкэ Иринэ Владислав и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

# Зэкъуэшхэм я зэхуаку лъэмыжыщIэ къыдохъуэ

● ДАХ

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщIакIуэ гупым хэтхэм я зи чэзу зэIущIэр ди къуэш абхъаз щIыналъэм щекIуэкIащ, дифI зыхэлъхэмрэ Хасэшхуэм и лэжьыгъэмрэ ипэкIэ ягъэкIуатэу. А Iуэхур къаззэрехъулIам, зэкъуэшхэм я зэIущIэм кърикIуахэм, ДАХ-м и мурад нэхъыщхьэхэм къытхутопсэлъыхь Дунейпсо Адыгэ Хасэм и унафэщIхэмрэ хэтхэмрэ.***



**Сэхъурокъуэ Хьэутий**, ***ДАХ-м и тхьэмадэ:*** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм зэрихабзэу, зэIущIэхэр щыдогъэкIуэкI адыгэхэр щыпсэу щIыпIэхэм. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, дэ мызэмытIэу дыщыIащ Тыркум, Израилым, Иорданием, Германием, УФ-м хыхьэ, ди лъэпкъэгъу нэхъыбэ зэрыс республикэхэм. Абы и мыхьэнэр хамэ къэралхэм щыхэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ дызэрызэкъуэтыр наIуэ зэрытщIырщ, хамэ щIыпIэхэм щыпсэу адыгэхэм я Iуэху зыIутыр, я щыIэкIэпсэукIэр ди нэкIэ зэрызэдгъэлъагъурщ, ДАХ-м псори дызэрипхыу ди бзэр, хабзэр, тхыдэр, щэнхабзэр тхъумэнымкIэ Iэмал къызэрыдитырщ, зэманым дыдекIуу дыбэкъуэнымкIэ сэбэп дызэрызыхуэхъужырщ.

Иджырей зэIущIэр Абхъазым щIыщедгъэкIуэкIам и щхьэусыгъуэри, дэ зы лъэпкъыу дызэрыщытырщ. ЦIэ зырыз диIэу, щIыпIэ зэпэщхьэхуэхэм дыщыпсэу щхьэкIэ, абхъазхэм, абазэхэм, адыгэхэм ди лъабжьэр зыуэ, ди къуэпсхэр зэкIуэлIэжу зэрыщытым наIуэ къэщI дэ дызэрызэмыхамэр. Зэкъуэшхэм зэрахабзэу, гуфIэгъуэ къэхъуми, гузэвэгъуэ щыIэми дызэкIэлъокIуэ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, 1990 гъэхэм куржыхэр Абхъазым къыщытеуам, япэ нэсри, зылI и быну, ди къуэшхэм якъуэуващ ди адыгэ щIалэхэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, куэди хэкIуэдащ, абыхэм я псэр ятащ я къуэш лъэпкъыр нобэ зытет гъуэгур къыхахыфын, я щхьэхуитыныгъэр яхъумэжыфын, я къэралыгъуэр зэфIагъэувэжыфын щхьэкIэ. Ар ящыгъупщэркъым езы абхъазхэми, дэ тлъэгъуащ ди щIалэхэм хуагъэува фэеплъхэр икIи удз гъэгъахэр тетлъхьащ.

Тхыдэ напэкIуэцIхэм къыхощыж Урысеишхуэр а республикэ цIыкIум дэIэпыкъуу къызэрекIуэкIыр, ноби хузэфIэкI зэрыхуищIэр. Дэри дунейм адыгэу тетым я лIыкIуэхэр здэтшэри дыкIуащ, си гугъэщ а зекIуэм ди зэпыщIэныгъэр нэхъри игъэбыдэну, зи Iуэху хуэкIуэр, жэрдэм зиIэр абы къэкIуэжу щетIысэхыжыну, щылэжьэну, щыпсэуну.

Ди гуапэу дыхуэзащ Абхъаз Республикэм и Президент Гунбэ Бадрэ. Абыи дыщепсалъэм къыхигъэщащ ди лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэкъуэшыныгъэр зэрыбыдэр. ДяпэкIи нэхъыбэжу зэпха дыхъун щхьэкIэ лъэкI къызэрамыгъэнэнури жиIащ. Адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ псоми ягу къигъэкIыжащ ДАХ-р къыщызэрагъэпэщ зэманым абхъазхэри абазэхэри къызэрытхэтар, апхуэдэ зэхущытыкIэр къэгъэщIэрэщIэжын зэрыхуейр.

Си гуапэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ зэкъуэш республикищым я IэтащхьэхэуэкIуэкIуэ Казбек (КъБР), КъумпIыл Мурат (АР), Темрезов Рашид (КъШР) сымэ ди Iуэхур къыддыIагъыу дызэрырагъэжьар, дыщыпсэу Урысеишхуэм и унафэщIхэм ди зэпыщIэныгъэм и кууагъыр къагурыIуэу ди Iуэхур ягъэкIуэтэну зэрыхэтыр. Къищынэмыщlауэ, Абхъазым езым я фIэфIыныгъэкIэ щызэуахэм я зэгухьэныгъэм, АР-м щылажьэ Адыгэ Хасэм лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкI нэхъ тыншу дызэрыщIэнымкIэ, апхуэдэуи абы щыпсэу, щылажьэ щIалэ ахъырзэманхэр къызэхуэсри, ди лэжьыгъэм хэтащ.

Си гугъэщ Абхъазым щекIуэкIа зэIущIэм къыщытIэта Iуэхухэм щхьэпагъ куэд къапэкIуэну, къэтщта унафэхэм Iуэху дахэхэр кърикIуэну.



**МэшбащIэ Исхьэкъ**, ***ДАХ-м и Нэхъыжьхэм я советым и тхьэмадэ:*** - Абхъазхэм, адыгэхэм, абазэхэм зы къежьапIэ зэраIэм, зэкъуэшым хуэдэу зэбгъурыту ижь-ижьыж лъандэрэ къызэрызэдэгъуэгурыкIуэм псори щыгъуазэщ, ар къыхощыж си IэдакъэщIэкIхэми. Тхыдэм фIыуэ щыгъуазэхэм, ди блэкIам хэзыщIыкIхэм я гупсысэмрэ IуэхущIафэхэмрэ нобэрей дунейм къэхьэсыным, блэкIамрэ нобэмрэ зэпыщIэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Мис апхуэдэ къалэн игъэзащIэу аращ ДАХ-м Абхъазым щригъэкIуэкI зэIущIэм. Дэ Iэмал имыIэу зэфIэдгъэувэжын хуейщ ди лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэфIыр, дяпэкIи къэдгъэлалэ хъунукъым лIакъуэкIэрэ къыддэгъуэгурыкIуа зэпыщIэныгъэр.

ДАХ-м и къежьапIэм ухуеплъэкIыжмэ, лъэпкъыр зы зыщI зэгухьэныгъэ диIэн зэрыхуейм иужь ихьахэм яхэтащ абхъазхэри абазэхэри. Зэгъусэу кърахьэжьа Iуэхум ноби зэришэлIэжауэ жыпIэ хъунущ зэIыхьлыхэр. Зэблагъэ щыхъукIэ, я псэукIэри, гупсысэкIэри, лъэпкъхэм къапэщыт гугъуехьхэри зыщ, ар бзэр хъумэнырщ, тхыдэр джынырщ, щэнхабзэм зегъэужьынырщ, псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, бысым лъахэм ехьэлIауэ жыпIэмэ, щхьэхуитыныгъэр хъумэнырщ. А псори тхузэфIэкIынущ, дызэгурыIуэмэ, дызэдеIэмэ, дызэрыIыгъмэ. Сэ зи гугъу сщIыхэр фIыуэ къагуроIуэ Абхъазым нобэ и унафэщIхэми, жэнэт щIыналъэм щыпсэухэми. Ахэри ди зэкъуэшыныгъэм и телъхьэщи, хьэкъыр зыщ: властымрэ жылагъуэмрэ я еплъыкIэр щызэтехуэм деж къыпэкIуэр IуэхуфIщ, дахэщ, инщ.



**Лъэпщыкъуэ Онер**, ***Тыркум щыIэ Кавказ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэ:*** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий дыбгъурыту ди гуапэу зи чэзу зэIущIэр щедгъэкIуэкIащ Абхъаз Республикэм. Iуэхур Iэтауэ къызэгъэпэща зэрыхъуам и щыхьэтщ АР-м и Президентымрэ ДАХ-м и тхьэмадэмрэ лэжьыгъэ IуэхукIэ зэрызэхуэзар, зэпсэлъэныгъэ купщIафIэ зэрызэдрагъэкIуэкIар. КАФФЕД-р къапщтэмэ, ДАХ-м и нэхъыжьхэм, унафэщIхэм я Iуэху еплъыкIэрщ зытетыр. Дэ сытым дежи абхъаз-адыгэ зэкъуэшыныгъэмрэ зэкъуэтыныгъэмрэ догъэкIуатэ, къетхьэжьэ Iуэхур зэгъусэу зэфIэтхыу, зыр адрейм дыдэIэпыкъужу дыщопсэу Тыркум. Дэ, хэхэсхэм, ди дежкIэ мыхьэнэ нэхъыбэ иIауэ къызолъытэ иджырей зэхыхьэм. Абы щыжаIахэм, къыщаIэтахэм япкъ иткIэ, къыхэзгъэщыну сыхуейщ Абхъазым и щхьэхуитыныгъэр хъумэным мыхьэнэ ин зэреттыр; экономикэ, демографие я лъэныкъуэкIэ абхъазхэр нэхъри ефIэкIуэнымкIэ адыгэхэр дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр; Абхъазым щыпсэу адыгэхэм я Iуэхур дяпэкIи тыншу дэкIыныр, адыгэ нэхъыбэм абхъаз экономикэм инвестицэ халъхьэу щытыныр къызэрызэгъэпэщыпхъэр; нэгъуэщIхэри къыхэтхащ мы зэхуэсым.



**Вэрокъуэ Затий**, ***Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я Федерацэм и тхьэмадэ:*** - Хуабжьу гуапэу, я гур зэIухауэ драгъэблэгъащ абхъазхэм. ЕвропэмкIэ щыIэ Адыгэ Хасэхэм сытым дежи хэтащ икIи хэтщ абхъазхэр. Иджы ар хэкуми щыслъэгъуащ, дызэрызэкъуэшри хьэкъ сщащIащ. Абхъазым и къулыкъущIэхэр ди зэIущIэм зэрыщIэсар, жытIэхэр зэрызэхахар, езыхэм къыджаIахэр хуабжьу куэдым ущызыгъэгугъщ. Си фIэщ мэхъу дяпэкIэ ди зэхущытыкIэр нэхъри зэрефIэкIуэнур, абы Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Iыхьэ зэрыхилъхьэнур.

Дэри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым Абхъазым и къэралыгъуэр Урысей Федерацэм зэрыдиIыгъыр, зэрыдэIэпыкъур. Адыгэ лъэпкъым къуэпс нэхъ гъунэгъу дыдэу диIэр абхъазхэращи, ар дигу идвгъэгъэлъ. Мыбы къыщысщIамрэ щыслъэгъуамрэ Европэм щысIуэтэжынущ икIи хэкурыс адыгэхэмрэ ди къуэш абхъазхэмрэ зэрызэрыIыгъым къыкIэрыдмыгъэхуу дэри ди зэхуаку зэхущытыкIэфIхэр зэрыдэлъыным дыхущIэкъунущ.



**Нэгуэр Зиуар**, ***Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и лIыкIуэ:*** - Сыхъум щекIуэкIа зэхуэсыр зэкъуэш зэхыхьэ хъуащ. Ар зи фIыщIэр ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутийрэ Абхъазым щыIэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Мэремыкъуэ Валерэрэщ. Абыхэм я мурадар къайхъулIауэ, ди лэжьыгъэм сэбэпынагъ куэд къыпэкIуэну къызолъытэ.

Нэхъыщхьэу зи гугъу ящIар, дауи, абхъазхэмрэ адыгэхэмрэ я зэпыщIэныгъэр гъэбыдэнырщ. Сэ сызэреплъымкIэ, ар къыдэхъулIэн папщIэ абы щыIэ хасэм псоми зыщIэдгъэкъуэн хуейщ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, Абхъазым щыпсэу адыгэхэм я бжыгъэм махуэ къэс хохъуэ, абы мэIэпхъуэ хамэ къэралхэм, Урысейм щыпсэу адыгэхэм ящыщхэр. АР-м щыIэ Адыгэ Хасэр жыджэру республикэ Правительствэм, ДАХ-м, адыгэ зэрыс зэкъуэш республикищым зэрадэлажьэм и фIыгъэкIэ, я Iуэхур нэхъыфI зэрыхъунум шэч хэлъкъым. Зэкъуэтыныгъэр ди Iэщэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр 90 гъэхэм хьэкъ ящытщIащ псоми, иджыри аращ дызытетын хуейр.



**ЛIымыщэкъуэ Рэмэзан**, ***Адыгей Хасэм и тхьэмадэ:*** - ТхыдэкIэ, щIэныгъэкIэ къапщтэу щытмэ, абхъазхэр ди къуэш дыдэщ. ЩIэныгъэлIхэр ди зэпыщIэныгъэм щытепсэлъыхькIэ, адыгэ-абхъазщ къызэрыдэджэр. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ахэр зэкIэщIэпч мыхъуну зэпхащ. Ди къуэшхэр щытыкIэ гугъу щихуам, дэнэ щыпсэу адыгэри гупсысакъым, япэ махуэм щегъэжьауэ я лъахэм ихьэри, я хуитыныгъэр яхъумэну якъуэуващ. А лIыгъэр иджыри тхэлъын хуейщ, экономикэ, политикэ я лъэныкъуэкIэ дакъуэтын щхьэкIэ. Щхьэхуитыныгъэр къаззэуа нэужь, къызыгурыIуи щыIащ ди зэкъуэтыныгъэр сэбэп зэрыхъур, ар IэщIыб зыщIыну хэта политики яIащ. Ауэ, нобэ ди гуапэ зэрыхъущи, Абхъазым и УнафэщIыр зэхэщIыкI лъагэ зиIэ, зи гугъу сщIы щытыкIэр нэсу къызыгурыIуэ, ди зэкъуэшыныгъэр нэхъри зыгъэбыдэну гукъыдэж зиIэ цIыхущ. Абы ипкъ иткIэ, ДАХ-м а хэкум щригъэкIуэкIа зэIущIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ, дяпэкIэ езыхэми апхуэдэ лъэбакъуэ ячыну къысщохъу, Урысейм, абы адыгэ хэгъэгухэм нэхъри зыкъытпащIэн папщIэ.



**Аслъэн Алий**, ***Шэрджэс Хасэм и тхьэмадэ:*** - Мы зэIущIэм щедгъэкIуэкIа лэжьыгъэхэмрэ къыщытIэта упщIэхэмрэ Iуэхугъуэ куэд къызэщIаубыдэ. Ауэ тегъэщIапIэ хъуар, дауи, бысым тхуэхъуахэмрэ дэрэ ди зэхуаку дэлъ зэкъуэшыгъэрщ. Абы теухуауэ хуабжьу купщIафIэу къэпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым и унафэщI, «Хэку» зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Дзэмыхь Къасболэт.

Дэ нэгъуэщI гъуэгу диIэкъым, дызэгъусэн, дызэкIэлъыкIуэн фIэкIа. Ди къуэшхэм дазэрыхущытыр 90 гъэхэм къэдгъэлъэгъуауэ къысщохъу. Абы щыгъуэм абхъазхэм япэу якъуэувар адыгэхэращ. Абдеж къыщежьэ а зэхущытыкIэфIыр, дяпэкIи едгъэфIакIуэу, дызыгъэгузавэу диIэ Iуэхугъуэхэм - бзэр, хабзэр, щэнхабзэр хъумэным - зэгъусэу делэжьу дыкъызэдекIуэкIмэ, нэхъ лъэщ дищIыну фIэкIа, щхьэлажьэ дыхъунукъым. УзэдеIэмэ, пхузэфIэмыкIын щыIэкъым, ар и къару нэхъыщхьэу мэлажьэ Хасэ цIыкIухэр зы унагъуэу щызэкъуэт Дунейпсо Адыгэ Хасэр.



**Тхьэухъуэ Зухьер**, ***Израилым щыIэ, Адыгэ щIэинхэмкIэ центрым и унафэщI:*** - Абхъазым дызэрыщыIар зы псалъэкIэ жыпIэмэ, зэкъуэшхэм я зэхуаку щытралъхьа лъэмыжыщIэущ къызэрысщыхъуар. Израилым ис адыгэхэм я лIыкIуэу сыхэтат иджырей зэхуэсми, си гур къигуфIыкIырт, сыгушхуэрт иджыри ди зы къуэш щIыналъэ дызэрихьам, дызэрыщылажьэм папщIэ. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейщ ДАХ-м и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, ар зэпымыуэу хущIокъу ДАХ-м и жьауэм зэкъуэш нэхъыбэ къызэрыщIигъэувэным, зэрызэригъэубыдыным.

Си щхьэкIэ сыт сигу хэзыгъэхъуар жыпIэмэ, жэнэт лъахэм хуэдэу, щхъуантIагъэр щыкуэду щIыпIэ дахэщ Апсныр. А махуэ зыбжанэм цIыху гъэщIэгъуэн куэдым сахуэзащ, садэуэршэращ. А зэпсэлъэныгъэхэм я лъабжьэр адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ зэкъуэш дыдэу къызэралъытэрт. Куржы-абхъаз зауэм адыгэхэр ди къуэшхэм зэракъуэувар ящыгъупщакъым бысимхэм, абы теухуа фIыщIэщ узэрырагъэблагъэри укъызэрырагъэжьэжри.

ЗэIущIэ нэужьым, хы Iуфэм дыIусу дыщызэпсалъэми, ди зэхущытыкIэхэм тхыдэ мыхьэнэ зэраIэм нэмыщIи, дяпэкIэ лъэмыж быдэ зэрыдухуэн хуейм тепсэлъыхьащ щIалэхэр. Си гуапэ хъуащ иджырей лIакъуэми апхуэдэ жэрдэм яIэу ди къэкIуэнум фIыкIэ зэрыхуэплъэр. Къэралхэр щызэмызэгъ, щызэпэщIэувэ мы лъэхъэнэм тIууащIэу гуапэщ хьэщIэхэмрэ бысимхэмрэ я зэхущытыкIэр нэхъри ирагъэфIэкIуэну я мураду къахьа еплъыкIэхэмрэ къэщта унафэхэмрэ.



**Факъуэ Руслан**, ***Мэздэгу Хасэм и тхьэмадэ:*** - Дунейпсо Адыгэ Хасэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм и купщIэмрэ мыхьэнэмрэ иджыри зэ нэрылъагъу хъуащ, мы зэхуэсыр щекIуэкIамрэ зэрекIуакIамрэ тепщIыхьмэ. Илъэситху хъуауэ сыхэтщи, Iуэху куэд къызэдгъэпэщащ, зэфIэдгъэкIащ, ауэ мызыгъуэгум екIуэкIам лъабжьэшхуэ иIэщ.

Абхъазым екIурэ-ещхьу щызэхэтащ ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым и зэIущIэр. Хуабжьу гуапэу драгъэблэгъащ, гъунапкъэм дызэрихьэу къытпежьэри, хабзэхъумэхэр ди япэ иту къалащхьэм дынагъэсащ. Абы щылажьэ Адыгэ Хасэм хэтхэмрэ и тхьэмадэмрэ къуэшыгъэмрэ хабзэмрэ тету къытIущIащ. Апхуэдэ дыдэу республикэ унафэщIхэри къытхущытащ, пщэдджыжьым щегъэжьауэ пщыхьэщхьэ хъуху къытхэсащ къулыкъу лъагэхэм пэрыт щIалэхэр, купщIафIэу къэпсэлъахэщ. ЖыпIэнуракъэ, дапщэщи хуэмыдэжу кууэ щылэжьащ Хасэшхуэр Абхъазым, лъэпкъитIым я дежкIи мыхьэнэ зиIэ куэд щызэпкърахащ, унафэ, хэкIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къахьащ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэу сэ къэслъытэр щIыпIэ зэпэщхьэхуэхэм ис зэлъэпкъэгъухэр зэшэлIэнырщ, къыдэкIуэтей щIэблэр хэкупсэу гъэсэнырщ, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр хъумэным телэжьэнырщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ**.

## Мэрем, шыщхьэуIум и 1

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00**, **12.00**, **15.00** Новости
**09.20** «Модный приговор» (0+)
**10.10** «Жить здорово!» (16+)
**11.00**, **12.15**, **17.00** Информационный канал (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** Т/с «ИЩЕЙКА» (16+)
**19.45** «Поле чудес» (16+)
**21.00** «Время»
**21.45** Что? Где? Когда? (16+)
**22.55** Т/с «ШЕРЛОК И ДОЧЬ» (16+)
**00.40** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00**, **11.00**, **14.00**, **16.30**, **20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**12.00**, **18.00** «60 минут» (12+)
**14.30** Т/с «ТАЙНЫ СЛЕДСТВИЯ» (16+)
**17.00** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** «Ну-ка, все вместе! Народный кастинг» (12+)
**23.40** Х/ф «МЕДОВАЯ ЛЮБОВЬ» (16+)
**03.00** Х/ф «ТИХИЙ ОМУТ» (16+)

### НТВ

**05.00**, **08.25**, **10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. РУБЕЖИ РОДИНЫ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00**, **10.00**, **13.00**, **16.00**, **19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** Т/с «ЗИМОРОДОК» (16+)
**16.45** «ДНК» (16+)
**17.55** «Жди меня» (12+)
**20.00** Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
**00.00** Д/ф «Неизвестная Россия» (12+)
**01.30** Т/с «ТИХАЯ ОХОТА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**06.05** Т/с «СТО ДНЕЙ СВОБОДЫ» (16+)
**09.00**, **13.00**, **17.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.20** Х/ф «КЛЮЧИ ОТ НЕБА» (16+)
**10.55**, **13.25** Х/ф «КОРОНА РОССИЙСКОЙ ИМПЕРИИ, ИЛИ СНОВА НЕУЛОВИМЫЕ» (16+)
**14.25**, **15.05** Х/ф «ПЯТЕРО С НЕБА» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**16.50**, **17.15** Х/ф «ФЕЙЕРВЕРК» (16+)
**19.40** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Операция «Стингер» (12+)
**20.30** «Война миров». «Битва экономик. Наличные деньги как оружие во Второй мировой» (16+)
**21.20** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**22.00** «Здравствуйте, товарищи!» (16+)
**23.30** «Музыка+». «Калинка» в стиле рэп. Владимир Девятов, Марина и Иван Девятовы, Сосо Павлиашвили, баянист Валерий Семин, фолк-группа «ЯR-Марка», дуэт «Баян Микс» и детский музыкальный театр «Домисолька» (12+)
**01.00** Т/с «КАПИТАН НЕМО» (16+)
**04.25** Д/с «Шедевры военных музеев» (12+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Энциклопедия загадок»
**07.05** Легенды мирового кино
**07.35**, **00.10** Х/ф «ПРОФЕССИЯ - СЛЕДОВАТЕЛЬ» (16+)
**08.30** Д/ф «Колонна для Императора»
**09.15** Диалоги о животных
**10.00**, **12.30**, **17.00**, **19.30** Новости культуры
**10.15** «Острова»
**10.55** М/ф «Вовка в тридевятом царстве». «Чиполлино»
**12.00**, **17.15** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Д/с «Русский плакат»
**13.05** Моя любовь - Россия!
**13.35** Х/ф «31 ОТДЕЛ»(16+)
**16.15** Д/ф «Земляничная поляна Святослава Рихтера»
**17.45** Шедевры старого кино
**19.45** Линия жизни
**20.40** Х/ф «НА МУРОМСКОЙ ДОРОЖКЕ...» (16+)
**22.05** Большой балет-2024
**01.05** Д/ф «Земляничная поляна Святослава Рихтера»
**01.45** Д/с «Искатели»
**02.30** М/ф «Прекрасная лягушка». «Таракан»

### МАТЧ!

**06.00** Плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Прямая трансляция из Сингапура
**07.30**, **08.30**, **12.00**, **16.15** Новости
**07.35**, **21.00**, **00.55** Все на Матч! Прямая трансляция
**08.35** «Небесная грация» (6+)
**08.55** Прыжки в воду. Чемпионат мира по водным видам спорта. Мужчины. Трамплин 3 м. Прямая трансляция из Сингапура
**10.55** Футбол. Fonbet. Кубок России. Обзор (6+)
**12.05** Прыжки в воду. Чемпионат мира по водным видам спорта. Мужчины. Трамплин 3 м. Прямая трансляция из Сингапура
**13.55** Плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Прямая трансляция из Сингапура
**16.20** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**19.40** Пляжный футбол. Московский международный кубок. Прямая трансляция
**22.20** Смешанные единоборства. Я. Сантос - М. Тейт. UFC. Трансляция из США (16+)
**23.50** Автоспорт. Дрифт. RDS OPEN. Трансляция из Ленинградской области (6+)
**01.50** Гольф. Кубок Лиги Ставок. Трансляция из Москвы (6+)
**03.25** Новости (0+)

## Щэбэт, шыщхьэуIум и 2

### 1

**06.00** Телеканал «Доброе утро. Суббота»
**09.45** «Слово пастыря» (0+)
**10.00**, **12.00** Новости
**10.15** Д/ф «Герои. Десант на линии огня» (16+)
**11.05** «Играем свадьбу!» (12+)
**12.15** Поехали! (12+)
**13.10** «Наше все» (12+)
**14.00** Т/с «УБОЙНАЯ СИЛА» (16+)
**16.55** «Кто хочет стать миллионером?» (12+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Концерт к 90-летию со дня рождения композитора Евгения Крылатова «Прекрасное далеко» (0+)
**20.05** «Михаил Задорнов. Вся жизнь» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** «Сегодня вечером» (16+)
**23.50** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России. Суббота
**08.00** Местное время. Суббота
**08.35** «По секрету всему свету»
**09.00** «Формула еды» (12+)
**09.25** «Пятеро на одного»
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры». Специальный выпуск ко Дню Воздушно-десантных войск РФ (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Большие перемены
**14.30** Вести. Местное время
**14.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**17.50** «Привет, Андрей!» (12+)
**20.50** Вести. Местное время
**21.00** Х/ф «ВСЕМ ВЕТРАМ НАЗЛО» (16+)
**00.40** Х/ф «ГРАЖДАНСКАЯ ЖЕНА» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «ДЕЛЬТА. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**07.25** Д/с «Победители» (16+)
**08.00**, **10.00**, **16.00**, **19.00** «Сегодня»
**08.20** «Поедем, поедим!» (16+)
**09.20** «Едим дома»
**10.20** «Главная дорога» (16+)
**11.00** «Живая еда» с Сергеем Малоземовым» (12+)
**12.00** «Квартирный вопрос» (0+)
**13.00** Д/с «Авторитеты» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.40** Т/с «МЕНТОВСКИЕ ВОЙНЫ» (16+)
**23.35** Алсу. Концерт с симфоническим оркестром (12+)
**01.30** Т/с «ТИХАЯ ОХОТА» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20** Х/ф «ВОЛШЕБНАЯ ЛАМПА АЛАДДИНА» (16+)
**06.55** Х/ф «ПЯТЕРО С НЕБА» (16+)
**09.00**, **13.00**, **19.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Второе мнение» (12+)
**09.45** «СССР. Знак качества» с Иваном Охлобыстиным». «Хорошо сидим! Мужской досуг по-советски» (12+)
**10.35** «Не факт!» (12+)
**11.05** «Легенды музыки». «Любимые голоса отечественного кино» (12+)
**11.35** «Легенды кино». Игорь Костолевский (12+)
**12.30** «Любовь на линии огня». «Афганистан болит в моей душе» (16+)
**13.20** «Народный ВПК». «Несгораемый «Защитник-Т» (12+)
**13.45** Х/ф «ФЕЙЕРВЕРК» (16+)
**15.40** Д/ф «ВДВ. Небо за нас» (16+)
**16.30** Х/ф «В ЗОНЕ ОСОБОГО ВНИМАНИЯ» (16+)
**18.40**, **19.25** Х/ф «ОТВЕТНЫЙ ХОД» (16+)
**20.55** Х/ф «ПРЕДСЕДАТЕЛЬ» (16+)
**00.20** Х/ф «ИНСПЕКТОР УГОЛОВНОГО РОЗЫСКА»

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Сказка о царе Салтане». «Мойдодыр»
**08.20** «Острова»
**09.00** «Классная тема!»
**09.30** Х/ф «НАСТЯ»(16+)
**10.55** Большой балет-2024
**13.00** Д/ф «Как выжить в дикой природе»
**13.55** Х/ф «ТАЙГА»(16+)
**14.45** Д/ф «Невидимые пришельцы»
**15.25** «12 стульев». Держите гроссмейстера!»
**16.05** Х/ф «12 СТУЛЬЕВ»(16+)
**18.40** Д/с «Чистая Победа 1941-1945»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «НЕПОДДАЮЩИЕСЯ»(16+)
**21.05** «Взрослая дочь молодого человека». К 90-летию со дня рождения Виктора Славкина
**22.45** Клуб «Шаболовка, 37»
**23.45** Х/ф «ЛЮБОВНАЯ СТРАСТЬ»(16+)
**01.40** Д/ф «Как выжить в дикой природе»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. One FC. Прямая трансляция из Таиланда
**07.00**, **09.05**, **12.00**, **16.15** Новости
**07.05**, **12.05**, **16.20**, **19.00**, **22.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** М/с «Команда МАТЧ» (0+)
**09.35** Прыжки в воду. Чемпионат мира по водным видам спорта. Женщины. Трамплин 3 м. Прямая трансляция из Сингапура
**11.40** Д/с «Сила воды» (12+)
**12.40** Прыжки в воду. Чемпионат мира по водным видам спорта. Женщины. Трамплин 3 м. Прямая трансляция из Сингапура
**14.10** Плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Прямая трансляция из Сингапура
**16.55** Футбол. «Урал» (Екатеринбург) - «Родина» (Москва). Лига Пари. Прямая трансляция
**20.15** Футбол. «Краснодар» - «Динамо» (Москва). МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**23.40** Пляжный футбол. Московский международный кубок
**01.00** Смешанные единоборства. А. Альбази - Т. Таира. UFC. Прямая трансляция из США

## Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 3

### 1

**06.00**, **10.00**, **12.00** Новости
**06.10** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**06.40** Играй, гармонь любимая! (12+)
**07.25** «Здоровье» (16+)
**08.30** «Золотая коллекция «Союзмультфильма» (0+)
**09.10** «Непутевые заметки»
**09.30** «Мечталлион». Национальная лотерея (12+)
**10.15** «Жизнь других» (12+)
**11.05** «Повара на колесах» (12+)
**12.15** Д/с «MoneYпуляторы. «От звонка до звонка» (16+)
**13.25** «Видели видео?» (0+)
**14.50** Х/ф «БЕРЕГИСЬ АВТОМОБИЛЯ». Кино в цвете (16+)
**16.40** Д/ф «80 лет - полет нормальный». К дню рождения Леонида Якубовича (12+)
**18.00** Вечерние новости
**19.00** «Перепой звезду» (12+)
**21.00** «Время»
**23.00** Т/с «ТРИГГЕР» (16+)
**00.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**06.00** Х/ф «НОЧНОЙ ГОСТЬ» (16+)
**08.00** Местное время. Воскресенье
**08.35** «Когда все дома с Тимуром Кизяковым»
**09.25** «Утренняя почта» с Николаем Басковым
**10.10** Сто к одному
**11.00**, **14.00**, **17.00**, **20.00** Вести
**11.30** «Наши. Военкоры» (12+)
**12.00** «Доктор Мясников» (12+)
**13.00** Судьба человека с Борисом Корчевниковым (12+)
**14.30** Вести. Местное время
**15.00** «Парад юмора» (16+)
**17.50** «Песни от всей души» (12+)
**22.45** Х/ф «ЧЕМПИОН МИРА» (16+)
**01.20** Х/ф «КАНДАГАР» (16+)

### НТВ

**04.45** Т/с «ДЕЛЬТА. ПРОДОЛЖЕНИЕ» (16+)
**07.20** «Игры разумов» (0+)
**08.00**, **10.00**, **16.00**, **19.00** «Сегодня»
**08.20** «У нас выигрывают!» (12+)
**10.20** «Первая передача» (16+)
**11.00** «Чудо техники» (12+)
**12.00** «Дачный ответ» (0+)
**13.00** «НашПотребНадзор» (16+)
**14.00** «Однажды...» (16+)
**15.00** «Своя игра» (0+)
**16.20** ЧП. Расследование (16+)
**17.00** «Следствие вели...» (16+)
**19.40** «Основано на реальных событиях» (16+)
**23.25** Д/фф «Транссиб. Великий рельсовый путь»
**00.35** Х/ф «ЧЕЛОВЕК НИОТКУДА» (18+)

### ЗВЕЗДА

**06.20** Х/ф «В ЗОНЕ ОСОБОГО ВНИМАНИЯ» (16+)
**08.10** Х/ф «ОТВЕТНЫЙ ХОД» (16+)
**09.55** «Военная приемка» (12+)
**10.40** «Легенды армии с Александром Маршалом» (12+)
**12.25** «Война миров». «Битва интересов. Россия и НАТО» (16+)
**13.20** «Код доступа». «Тайна молекул «зеркального отражения». Как охотятся за биоматериалом россиян» (12+)
**14.10** «Улика из прошлого». «Русская «Акула». Секреты подледной войны» (16+)
**15.05** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**15.55** «Секретные материалы». «Мемуары Брайана Крозье. детали особой миссии частных разведкомпаний» (16+)
**16.50** «Загадки века с Сергеем Медведевым». «Подводная «холодная война» (12+)
**17.40** «Специальный репортаж. Что русскому смешно...» (16+)
**18.15** Д/с «Легенды советского сыска. Годы войны» (16+)
**22.20** Х/ф «ЧЕРНЫЙ ОКЕАН» (16+)
**00.00** Х/ф «СИЦИЛИАНСКАЯ ЗАЩИТА» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** «Библейский сюжет»
**07.05** М/ф «Кот Леопольд»
**08.40** «Классная тема!»
**09.10** Х/ф «НА МУРОМСКОЙ ДОРОЖКЕ...» (16+)
**10.35** Д/ф «Герой советского народа. Павел Кадочников»
**11.15** Х/ф «ПОДВИГ РАЗВЕДЧИКА»(16+)
**12.45** Д/ф «Подвиг разведчика». Война одиночки»
**13.30** Д/с «Человеческий фактор»
**14.00** «Игра в бисер» с Игорем Волгиным
**14.40** М/ф «Аленький цветочек»
**15.20** XX век
**16.00** «Легендарные голоса»
**16.45** Х/ф «ЛЮБОВНАЯ СТРАСТЬ»(16+)
**18.40** Д/с «Чистая Победа 1941-1945»
**19.30** Новости культуры
**19.45** Х/ф «НАСТЯ»(16+)
**21.15** Спектакль «Ва-банк»
**23.00** Х/ф «12 СТУЛЬЕВ»(16+)
**01.35** Д/с «Искатели»
**02.20** М/ф «Прежде мы были птицами». «Загадка Сфинкса». «Великолепный Гоша»

### МАТЧ!

**06.00** Смешанные единоборства. А. Альбази - Т. Таира. UFC. Прямая трансляция из США
**07.00**, **09.05**, **12.00**, **16.15** Новости
**07.05**, **16.20**, **23.30** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** Д/с «Век нашего спорта» (12+)
**09.55** Регби. «Енисей-СТМ» (Красноярск) - «Динамо» (Москва). Pari. Чемпионат России. Прямая трансляция
**12.05** Прыжки в воду. Чемпионат мира по водным видам спорта. Мужчины. Вышка. Прямая трансляция из Сингапура
**13.55** Плавание. Чемпионат мира по водным видам спорта. Прямая трансляция из Сингапура
**17.00** Футбол. «Зенит» (Санкт-Петербург) - ЦСКА. МИР. Российская премьер-лига. Прямая трансляция
**20.00** «После футбола» с Георгием Черданцевым
**21.30** Смешанные единоборства. А. Альбази - Т. Таира. UFC. Трансляция из США (16+)
**01.00** Пляжный футбол. Московский международный кубок. Финал (6+)
**02.30** Автоспорт. G-Drive. Российская серия кольцевых гонок. Казань Ринг (6+)
**03.00** Новости (0+)

## ОТР

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Кэнжэ и жыг хадэхэр» (12+)
**6.30** «Спектр». КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бэрэгъун Руслан (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр» (12+)
**7.15** «Урысейм и тхыдэ - ТекIуэныгъэм и тхыдэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ. Япэ нэтын (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Спортым къыхэжанык Iахэр». Киокушинкаймк Iэ щэнейрэ дуней псом чемпион хъуа Гъэсашэ Тимур (12+)
**8.45** «Джэдум и унэ». Сабийхэм папщIэ спектакль
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.25** «Адыгэ тхыдэм къыхэщ лIыхъужьхэр». Жырыкъ Заур зэхуихьэса сурэтхэм щыщ (12+)
**17.40** «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къумахуэ Мухьэдин. Япэ нэтын (12+)
**18.15** «Жылагъуэ Iуэху» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Адыгэ тхыдэм къыхэщ лIыхъужьхэр». Жырыкъ Заур зэхуихьэса сурэтхэм щыщ (12+)
**6.25** «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къумахуэ Мухьэдин. Япэ _ нэтын (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Урысейм и тхыдэ – ТекIуэныгъэм и тхыдэ». Литературэрэ макъамэу зэхэлъ композицэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр» (12+)
**8.15** «Жылагъуэ Iуэху» (12+)
**8.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» (12+)
**17.20** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**17.35** «Парламентым и сыхьэт» (16+)
**18.05** «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къумахуэ Мухьэдин. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 30**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Муругов Степан
**6.15** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**6.30** «Парламентым и сыхьэт» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Iуащхьэмахуэ лъапэ» (12+)
**7.20** «Нэхумрэ плъыфэмрэ». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Къумахуэ Мухьэдин. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Телъыджэр - гъунэгъущ». Пщыгъуэш Тимур
**8.45** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Песня далёкая и близкая» (12+)
**17.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Плотянский П.
**18.05** «Гергоковхэ я лъэпкъыр» (16+)
**18.35** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 31**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**6.20** «Песня далёкая и близкая» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Тамбий Владимир
**7.30** «Гергоковхэ я лъэпкъыр» (16+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Питер тхыгъэхэр» (12+)
**8.35** «Зэманым екIуу». Тележурнал (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ» (12+)
**17.20** Бально-спорт къафэхэм я концерт (12+)
**18.15** «Спектр». Царикаев Алан (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 1**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Къэбэрдей-Балъкъэрым фрегъэблагъэ» (12+)
**6.20** «ЛIыхъужьхэм я зэман. Хэку зауэшхуэм и джэрпэджэж» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля
**7.30** «Спектр». Царикаев Алан (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** Бально-спорт къафэхэм я концерт (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Тула» оркестрым и концерт. Япэ Iыхьэ (12+)
**18.00** «Усэхэр зэрыт дэфтэр». Къэшэж Иннэ. Япэ нэтын (12+)
**18.20** «Зэманымрэ гъащIэмрэ» (12+)
**18.45** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 2**

**6.00** «Зэгъусэу уэрэд жыдоIэ» (12+)
**7.15** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**7.45** «Тула» оркестрым и концерт. ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**8.35** «Усэхэр зэрыт дэфтэр». Къэшэж Иннэ. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**8.50** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу» (6+)
**17.00** «Гъуэгу зэхэкIыпIэ шынагъуэншэ» (12+)
**17.35** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**17.55** Малкандуев Ахъмат. 3-нэ симфоние. «Ива»
**18.20** «КъэкIуэнур - нобэм». Вернадский В. и цIэр зезыхьэ геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым и унафэщI Хьэмыз Руслан. Япэ нэтын (12+)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 3**

**6.00** «Гъуэгу зэхэкIыпIэ шынагъуэншэ» (12+)
**6.35** Малкандуев Ахъмат. 3-нэ симфоние. «Ива» (12+)
**7.00** «Бынхэмрэ адэ-анэхэмрэ» (12+)
**7.35** «КъэкIуэнур - нобэм». Вернадский В. и цIэр зезыхьэ геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым и унафэщI Хьэмыз Руслан. Япэ нэтын (12+)
**8.15** «ХъуэпсапIэм дамэ къызытригъэкIахэр» (12+)
**17.00** Гъуазджэм теухуауэ (12+)
**17.20** «Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ». УФ-м и цIыхубэ артист Яралов А. (12+)
**18.10** «КъэкIуэнур - нобэм». Вернадский В. и цIэр зезыхьэ геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым и унафэщI Хьэмыз Руслан. ЕтIуанэ нэтын (12+)
**18.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

## 1 КъБР ☆ «Мир» канал

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 28**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Сабиигъуэр зауэм зыIэщIихахэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «ЛIыгъэм и дамыгъэ». ЛIыхъужьыгъэм и орденыр зыхуагъэфэща КIуащ Астемыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** Iуащхьэмахуэ щIыналъэ колледжыр. ЕтIуанэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.40** «Къэбэрдей-Балъкъэрым» (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** Бально-спорт къафэхэм я концерт (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Дыгъэщыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.40** «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ». ДыщэкI Жаннэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.10** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.50** «Кавер-шоу» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Адыгэбзэм и псалъэгъэнахуэ» (адыгэбзэкIэ)
**20.00** «Си гукъэкIыжхэр». Молэ Хьэцацэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.40** «Гъунапкъэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.10** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**21.25** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 29**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Уэрэдыр зи Iэпэгъу» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.45** «Тхылъ нэхъыбэ» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Усэхэр зэрыт дэфтэр» (12+)
**7.20** «Узыншагъэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Хабзэр яхъумэу» (12+)
**8.25** «ГуащIэм фIыщIэ пылъщ». ДыщэкI Жаннэ (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.25** «Псалъэм и зэфIэкIыр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.50** «Бгыщхьэ макъамэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.30** «Хэкупсэхэр». Ток-шоу (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ)
**20.05** «УпщIэр щIэщхъукъым» (адыгэбзэкIэ)
**20.25** «Си насыпыр». СССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хутуевэ Любовь (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Монэ Лизэ и гуфIэкIэ». КъБР-м и Музыкэ театрым и балет
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 30**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Жаншэрхъ». Спорт нэтын (адыгэбзэкIэ)
**6.30** «УпщIэр щIэщхъукъым» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.50** «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Си насыпыр». СССР-м цIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хутуевэ Любовь (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.45** «ЦIыху Iущхэм зэрыжаIауэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Си щIалэгъуэ!». Махуэшхуэ концерт. ПэщIэдзэр (12+)
**8.55** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу» (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Нотэ нэжэгужэхэр» (12+)
**17.55** «КъэкIуэнум телажьэ». Акъбащ Ипщэ къуажэ дэт курыт еджапIэм и унафэщI Тэркъан М. (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.25** «ЩIэныгъэм щыпхиша гъуэгу». Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Сарбашевэ Аленэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Фэр папщIэ». Маргъуш Тамерлан (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Дызыпэплъэ тхылъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.45** «Ди зэманым и лIыхъужьхэр» (12+)
**20.55** «Къэзыгъэзэжын». УФ-м и сурэтыщIхэм я союзым хэт Хьэжу Мурат (12+)
**21.30** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 31**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «Дызыпэплъэ тхылъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Зи чэзу псалъэмакъ» (16+)
**7.20** «Чамхана». ГушыIэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ)
**7.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и дыщэ вагъуэхэр». Совет Союзым и ЛIыхъужь Михайленкэ В. (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «Си щIалэгъуэ!». Махуэшхуэ концерт. КIэухыр (12+)
**8.55** «Пхъуантэ телъыджэ цIыкIу». Машэрэ мыщэмрэ (6+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Лэгъупыкъу». Сабийхэм папщIэ нэтын (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.35** «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.05** «IэпщIэлъапщIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр» (12+)
**19.10** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ)
**20.15** «Ди щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр». Холамхановэ Абат. Безенги къуажэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.00** «Творческий калейдоскоп». Апэнас Астемыр. Япэ нэтын (12+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 1**

**6.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**6.10** «Анэдэлъхубзэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.30** «Чэнджащэ щыуэркъым» (адыгэбзэкIэ)
**7.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**7.10** «Ди щIыналъэм щыпсэу цIыхухэр». Холамхановэ Абат. Безенги къуажэ (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**8.00** «ХъыбарыщIэхэр. Пщэдджыжь» (16+)
**8.10** «ЩIэплъыпIэ» (12+)
**8.25** «Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм щыщ напэкIуэцIхэр» (12+)
**17.00** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**17.10** «Щэнхабзэм и лъагапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.50** «ЩIэблэ узыншэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.20** «Албар» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.00** «Спектр». Царикаев Алан (12+)
**19.30** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)
**19.45** «Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ». ЛIыгуащэхэ я унагъуэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**20.15** «ЕгъэджакIуэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**20.45** «Зэманымрэ гъащIэмрэ» (12+)
**21.10** «Парламентым и сыхьэт» (16+)
**21.40** «ХъыбарыщIэхэр» (16+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 2**

**6.00** «Щэнхабзэм и лъагапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**6.40** «Хэку гъэфIэну сиIэ закъуэ». ЛIыгуащэхэ я унагъуэр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**7.10** «Албар» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.50** «Парламентым и сыхьэт» (16+)
**8.20** «Зэманымрэ гъащIэмрэ» (12+)
**8.45** «Гъуэгуанэ тхыгъэхэр». Петергоф (12+)
**17.00** «ЩIылъэмрэ уэгумрэ ятеухуауэ» (12+)
**17.20** Къэрмокъуэ Мухьэмэд. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и спектакль. ПэщIэдзэр (адыгэбзэкIэ)
**18.05** «ЛIыгъэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**18.35** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**18.50** «Къыхэхахэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.10** «Хэкуэгъухэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**19.40** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**19.55** «Зэгъусэу уэрэд жыдоIэ» (12+)
**21.05** «Катеринэ и гуфIэкIэ». Профессор Вечче Карло КъБР-м зэрыщыIам теухуауэ (12+)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 3**

**6.00** «Республикэм щыхъыбархэр». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ) (16+)
**6.15** «ЛIыгъэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**6.50** «ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**7.05** «Хэкуэгъухэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**7.35** «Зэгъусэу уэрэд жыдоIэ» (12+)
**8.45** Даур Аслъэн. «Къуршхэмрэ цIыхухэмрэ»
**17.00** Къэрмокъуэ Мухьэмэд. «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ», ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и спектакль. КIэухыр (адыгэбзэкIэ) (12+)
**17.45** «Бзэрабзэ, пшынэ». Макъамэ нэтын (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.25** «Усэ къыщеджэ пщIантIэ» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.45** «ТхылъыщIэ». Къудей Владимир. «Терчанка» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**19.25** «ЩIэныгъэлI». Вернадский В.И. и цIэр зезыхьэ геохимиемрэ аналитическэ химиемкIэ РАН-м и институтым и унафэщI Хьэмыз Руслан (адыгэбзэк1э) (12+)
**20.10** «ПщIэну щхьэпэщ» (12+)
**20.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуауэ». УФ-м и цIыхубэ артист Яралов А. (12+)
**21.30** «Республикэ: тхьэмахуэ зэхуаку хъыбархэр»

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и радио

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 28**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.35** «Акъылым и нэху». Гъут Iэдэм (адыгэбзэкIэ)
**8.35 - 9.00** «Си гъащIэр утыкум пыщIащ». Жубоев Жамболэт (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Ди хъугъуэфIыгъуэхэр» циклым щыщщ (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.50** «Вагъуэбэ» (урысыбзэкIэ)
**13.50 - 14.00** «Адыгэ макъамэхэм я зэщIэжьыуэкIэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** IутIыж Борис. «Новеллэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.35** «Псоми тедгъэкIуэдэнур дакъикъитхущ» (урысыбзэкIэ)
**18.35 - 19.00** «Уэрэдыр уэгум изутIыпщхьэу» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 29**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыыуэ» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Ислъам динымрэ гъащIэмрэ». Аккаев Хьэсым (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Псэкупсэ джэлэс» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** Мамхэгъ Раисэ. «Лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъытахэр гъэсэн». Япэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Зи чэзу Iуэхум теухуа интервью» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ЕджакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 16.00** «Уэрэдыр гъащIэм щиIэпэгъуу». Бахъуэ БетIал (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 19.00** «Илъэсхэмрэ цIыхухэм я гъащIэхэмрэ». ЩэрэлIокъуэ Талъостэн (адыгэбзэкIэ)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 30**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.40** Мамхэгъ Раисэ. «Лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъытахэр гъэсэн». ЕтIуанэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Зауэм хэта тхакIуэхэр». Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «Нэхъ пасэу радиом къитахэм щыщщ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Гупсэхугъуэ». Чеченовэ Iэсият (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ГъащIэм зызымыхъуэж и хабзэхэр: къежьапIэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «ФIыуэ умылъагъуу пхуэгъэсэнукъым». «Психологым допсалъэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Микрофоныр - сабийхэм» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.50** «Илъэсхэмрэ цIыхухэм я гъащIэхэмрэ» циклым щыщщ. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «ЩIым къытрина лъэужьыр» (урысыбзэкIэ)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 31**

**7.10 - 8.00** «Пщэдджыжьым жыыуэ». ХъыбарегъащIэ-макъамэ канал (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «ЛIакъуэ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 - 8.40** «Шэджэм аузым и дахагъэр» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** Мамхэгъ Раисэ. «Лъэпкъым и къэкIуэнур зэлъытахэр гъэсэн». Ещанэ Iыхьэр (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** Концерт (адыгэбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.45** «Хабзэм теухуа упщIэ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «XX лIэщIыгъуэм и антологиер» (адыгэбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «И чэзу дыдэщ» (урысыбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Динымрэ хабзэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «ЕджапIэм и пщIантIэм» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 18.50** «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщщ» радиопроектыр. Хэкум и хъумакIуэм и илъэсымрэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 80 щрикъумрэ ирихьэлIэу (урысыбзэкIэ)
**18.50 - 19.00** «Кавказым и симфоние». Хэкум къэзыгъэзэжам и махуэм ирихьэлIэу. Къущхьэ СултIан (урысыбзэкIэ)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 1**

**7.10 - 7.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**7.25 - 7.45** «ПщэдджыжьыфIыр цIыхуфIхэм драгъусэу» (адыгэбзэкIэ)
**7.45 - 8.00** «70 - 80 гъэхэм радиом къитахэм щыщщ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10 - 8.30** «Бгырыс къуажэ: Былым» (балъкъэрыбзэкIэ)
**8.30 – 8.40** «ЦIыхубзым и дунеймрэ адыгэхэм я хабзэхэмрэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.40 - 9.00** «Адыгэ пшынэжь» (адыгэбзэкIэ)
**11.30 - 11.45** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**11.45 - 12.00** «НэхъыфI дыдэу слъагъу си уэрэд» (балъкъэрыбзэкIэ)
**13.10 - 13.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**13.25 - 13.35** «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» (урысыбзэкIэ)
**13.35 - 13.45** «АртщIэн хуейщ» (урысыбзэкIэ)
**13.45 - 14.00** «ЕджакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм». «Таурыхъыр тауры хъым кIэлъыкIуэу» (балъкъэрыбзэкIэ)
**15.10 - 15.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**15.25 - 15.45** «Шэрджэс дуней» (адыгэбзэкIэ)
**15.45 - 16.00** «Уаз» (диным теухуауэ) (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.10 - 18.25** «ХЪЫБАРЫЩIЭХЭР» (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ)
**18.25 - 18.30** «Усыгъэм и дакъикъэхэр» (урысыбзэкIэ)
**18.30 - 18.45** «Спорт щхьэл» (урысыбзэкIэ)
**18.45 - 19.00** «Дызэгъусэу дыкъоджэ» (урысыбзэкIэ)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 2**

**10.10 - 11.00** «Кавказым и пшэплъхэр». Радиожурнал (урысыбзэкIэ)
**11.10 - 11.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (адыгэбзэкIэ)
**11.25 - 11.40** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.40 - 12.00** «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 3**

**10.10 - 10.25** «КъБР: махуэр махуэм кIэлъыкIуэу». ХъыбарыщIэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.25 - 11.00** Лермонтов Михаил. «Бэлла» радиоинсценировкэр (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.10 - 12.00** «Театрыр микрофоным Iутщ». Сонэ Мухьэрбий. «Тхьэмадэм къиIуэтэжар» радиоспектаклыр (адыгэбзэкIэ)

## «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 28**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». БатIитI М. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Шэрджэс пщащэхэр лIэркъым». ЕтIуанэ Iыхьэ (12+)
**17.30** «ГъуэгузыхэкIыпIэ шынагъуэншэ» (12+)
**17.40** «Пэшым екIу сурэт». Батыр Ф. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 29**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Зэманымрэ къэхъукъащIэмрэ». Ульбашев Мутай и фэеплъ пшыхь (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЛIакъуэ». Алътуд къуажэ. Япэ Iыхьэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 30**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «ГъащIэм и алыфбей». ДыщэкI М. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Дыгъуасэ. Нобэ. Пщэдей». ФащIэ Бжьахъуэ Р. (12+)
**17.40** «Ди щIэинхэр». Жабелов Щамил (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 31**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Ди щIэинхэр». «Алтын къол» фестивалыр (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «ЩIыхьыр мынэхъапэу». Тебердиев Рамазан (12+)
**17.30** «КъБР-м щыIэ волонтер зыщIэхъеиныгъэ». Нэгъуей А. (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Мэрем, шыщхьэуIум и 1**

**7.07, 7.35, 8.07, 8.35** ЩIыпIэ зэман. «Пщэдджыжь». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**9.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.45** «Тщыгъупщэ хъунукъым». Хэку зауэшхуэм и ветеран Бетрожь С. (12+)
**11.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.00** «Студие иным щекIуэкIа интервью» (12+)
**17.30** Мэзыхьэ Борис теухуауэ (12+)
**21.10** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 2**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Щэбэт (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**20.50** ЩIыпIэ зэман. КъБР-м щыхъыбархэр (12+)

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 3**

**8.00** ЩIыпIэ зэман. Федеральнэ щIыналъэм щыхъыбархэр (12+)
**8.20** ЩIыпIэ зэман. Тхьэмахуэ (12+)
**14.30** ЩIыпIэ зэман. «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр» (12+)

## «Россия 24» «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и ТВ

**Блыщхьэ, бадзэуэгъуэм и 28**

**15.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»
**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Гъубж, бадзэуэгъуэм и 29**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью (12+)

**Бэрэжьей, бадзэуэгъуэм и 30**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Махуэку, бадзэуэгъуэм и 31**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Интервью

**Мэрем, шыщхьэу1ум и 1**

**17.30** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». КъБР-м щыхъыбархэр (12+)
**17.45** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». Репортаж щхьэхуэ (12+)

**Щэбэт, шыщхьэуIум и 2**

*Лажьэркъым*

**Тхьэмахуэ, шыщхьэуIум и 3**

**13.00** ЩIыпIэ зэман. «Россия 24». «Тхьэмахуэм къриубыдэ хъыбархэр»

● Ди псэлъэгъухэр

# Гурыщхъуэмрэ нэрыщхъуэмрэ

***Къэрэшей-Шэрджэсым къыщыдэкI «Черкес хэку» газетым иджыблагъэ къытехуащ къэбэрдей тхакIуэ, журналист, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ академием и член-корреспондент Фырэ-Къаныкъуэ Анфисэ и романыщIэм теухуа интервьюр. Ар игъэхьэзырат КъШР-м щыщ журналист Дэбагъуэ Хьэтызэ. «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэми а зэпсэлъэныгъэр яфIэгъэщIэгъуэныну ди гугъэу, гъэкIэщIауэ фи пащхьэ идолъхьэ.***



**- Анфисэ, «Iуащхьэмахуэ» журналым къытехуа уи «Япэрейхэр. Гуащэм и пшыналъэ» фантастикэ романым седжащ. Абы щыгъунэжщ щIыпIэцIэ, фIэщыгъэ къызэрымыкIуэхэр. Ахэр къыздипхам, езы романыр зэрыптхам утезгъэпсэлъыхьынут?**

- Псом япэрауэ, си гуапэщ тхылъ щхьэхуэу иджыри къыдэмыкIа, журналым къытехуэкIэрэ япэу утыку къисхьа тхыгъэм апхуэдэ щIэупщIэ зэриIэр. «Япэрейхэр. Гуащэм и пшыналъэ» романыр зэрыстхам хъыбар гъэщIэгъуэн иIэщ, икIи ар цIыхухэм яхуэсIуэтэну сыхъуапсэти, сыту фIы хъуа уэ а псалъэмакъыр япэу къызэрепхьэжьар, Хьэтызэ! Гу зэрылъыптащи, романыр гъэнщIащ щIыпIэцIэхэмкIэ, нобэ тIэщIэхужа жыIэгъуэхэмкIэ, къызэрыгуэкI псалъэу къытщыхъухэм ящIэлъ щэхухэмкIэ. ИпэжыпIэкIэ, гугъу сригъэхьащ мы тхыгъэм... Илъэсиблым къриубыдэу КъБКъУ-м къыщIэсхамрэ (экологием, химием, психологием, педагогикэм, филологием сыхуеджащ) нобэр къыздэсым езыр-езыру щIэныгъэу зэхуэсхьэсамрэ схурикъуртэкъым, мы дунейм къэхъукъащIэу къыщекIуэкIам сриплъэжу, ГъащIэр къызэрыунэхуам теухуа гупсысэ сукъуэдиин хуэдэу. Апхуэдэу, мы романыр зэрыщытын хуейуэ си нэгум щIэтым сыбгъэдыхьэфыртэкъыми, щIэныгъэ зэхуэмыдэхэр езыр-езыру зджын хуей хъуащ. Псалъэм папщIэ, пасэрей цивилизацэхэм я тхыдэжьыр (Мысыр, Шумер, Хьэт, Ащыр - Ассирия), археологиер, уеблэмэ гъущIынэтхым (клинопись) зеспщытат, КъурIэнри Библиери щIэзджыкIащ. Зыгуэрхэр къызгурыIуэ хуэдэт, си бзэгупэм телъым ещхьу, ауэ, итIанэми схузэтеублэртэкъым.

Къызэрыщ IэкIамкIэ, къысхуэтыр - мифологиемрэ нарт эпосымрэт! АбыкIи щIы фIыцIэм щIэлъыр къыщIэстIыкIащ, зэрыжаIэу, сызэмыупщIарэ, зи фэ измыха щIэныгъэлIрэ къэнэжауэ къыщIэкIынкъым. Адыгэ тхыдэмрэ мифологиемрэ зы мащIэ тIэкIукIэ лъэIэсауэ щIэныгъэ зыбгъэдэлъхэм садэуэршэрырт. Сытуи гухэхъуэт икIи гугъэзагъэт апхуэдиз илъэскIэ сыкъезыхуэкIа упщIэхэм я жэуапыр зэкIэлъыгъэкIуауэ къыщысIэрыхьэкIэ! А унэтIыныгъэри зэщIэзгъэхьа нэужь гу лъыстащ дамыгъэхэм - цIыхум тхыбзэ щимыIэ лъэхъэнэ жыжьэм мывэм щритхъэу щыта дамыгъэхэм. ГъэщIэгъуэнракъэ, ди Адыгэ Хэкуми, пасэрей Шумерми, Хьэтми я зэхуэдэт а дамыгъэхэр, зэщхьт, зы цIыхум иритхъам хуэдэу, ауэ щыхъукIи, къарыкIыр зыт! Апхуэдэурэ, дамыгъэхэр зыджхэм «сатехьащ», икIи абыхэм сыщагъэгъуэзащ я щIэныгъэм. Мис апхуэдэу, налъэ-налъэу зэхуэсхьэсащ. Уи упщIэм сыкъытехьэжынщи, сытIысу къэзгупсысауэ зы щIыпIэцIэ хэткъым романым. Зэрыщыту тхыдэм, эпосым, гъущIынэтхым къыхэсхащ, адрей лъэпкъхэм я пасэрей тхыдэм къиизджыкIащ. Псалъэм папщIэ, Марийр (древний Кавказ) шумерхэм я гъущIынэтхым итщ. Ахэр апхуэдэу еджэу щытащ езы шумерхэр къыздикIа «бгылъэ» щIыпIэ жыжьэм, «ДыгъапIэ» кърагъэкIыу.

Иужьрей къэхутэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, шумерхэр Месопотамием Iэпхъуауэ аращ, Кавказым икIыу. Я хэкужьыр Iэмалыншагъэк Iэ ябгынат, хы ФIыцIэр къыщыунэхуа, псыдзэшхуэ къыщыхъуа лъэхъэнэ жыжьэм (илъэс мини 7,5-кIэ узэIэбэкIыжмэ). «Марий» псалъэр зэрыадыгэбзэм шэч хэлъкъым. Марэ цIыхубзыцIэм Дыгъэ жиIэу аращ къикIыр. Абхъазхэми яIэщ ар, «амрэ» жиIэу. Къырымым щхьэкIэ Къыр жаIэу щытащ пасэрейхэм. Ар Кавказ къуршым и къухьэпIэ кIапэу щытащ, хы ФIыцIэр щыщымыIа зэманым. Езы щIыпIэр бгылъэ защIэти, абыкIэ кIуэуэ гъуэгу теувахэм щхьэкIэ «КъырымкIэ кIуащ» жаIэрт. МыутI гуэлыр къыщыунэхуар иужькIэщ, хы ФIыцIэр къыщиуам. «Мэуэт» («меот») жыхуэтIэ адыгэхэр а гуэл Iуфэм Iусти, лъэпкъыцIэр гуэлым фIащыжауэ аращ. Жэм дэкIыпIэр (Босфорский пролив) мифологиеращ зэпхар. Зевс фIыуэ илъэгъуа пщащэр жэм хужь ищIат жи, Зевс и щхьэгъусэ губжьам IэщIигъэкIын папщIэ. Пщащэм хэкIыпIэу игъуэтар арати - хым зыхидзэщ, хы ФIыцIэмрэ Мраморнэ хы жыхуэтIэмрэ зэпызыщIэ тIуащIэм дэкIри, зигъэпщкIуат жи. Абы лъандэрэ «жэм дэкIыпIэ» жаIэ Босфор тIуащIэм щхьэкIэ. Къыркъыр (Керченский пролив) тэмакъ зэвым ирагъэщхьри, шхын е псы щебгъэхкIэ, тэмакъым «къыркъ» зэрыжиIэр и фIэщыгъэу иратащ. ЦIыху псалъэм езым къеIуатэ и мыхьэнэри, щIэкавкасионри... ЦI+ху. Мыбдеж «цI» пычыгъуэм «человек» къикIыу зызодзэкI, «ху»-р - хужьщ. «Белый человек» жыхуиIэщ. Апхуэдэщ «цIыплъри», «краснокожий». Адыгэбзэм щIэлъ гупсысэмрэ философиемрэ къыпхуэмыхутэну абрагъуэщ, ауэ и кIапэм утеува нэужь укъэувыIэжыфыркъым, уи дунейми зэредзэкI! Духьэтым (чистилище) и хъыбарыр нэхъ гъэщIэгъуэнщ. «Ахърэти духьэти умыщIэжу», - жеIэрей си анэм. «Духьэт» псалъэм и мыхьэнэм сылъыхъуэу сыкъэгъуэгурыкIуащ, зищIысыр къысхуэмыщIэу. Уеблэмэ ар къэзыпсэлъ си анэми ищIэртэкъым абы къикIыр, псэлъафэу къыдекIуэкI мыхъумэ.

Адыгэр къызытехъукIа хьэтхэмрэ абыхэм я тхыдэмрэ нэхъ кууэ джын щIэздза нэужьщ си упщIэ бжыгъэншэхэм я жэуапхэр зэрытIэпIыкIыу къыщызэкIэлъыкIуар. Ар хьэтыбзэщ, къикIри «ахърэт» жыхуэтIэрщ. Хьэнэ, КIуш (Северный и Южный Египет), нэгъуэщI щIыпIэцIэхэр езы пасэрей Мысырым и тхыдэм хэтщ, Библиеми итщ. Мысыр псалъэр а къэралыгъуэм щыфIащар иужьыIуэкIэщ.

**- Тхыгъэр нартхэм ятеухуауэ щыщыткIэ, нарт эпосым нэхъ сыкъытеувыIэну сыхуейщ. Дауэ къыпщыхъурэ, ар пасэрейхэм къагупсыса, хьэмрэ адыгэм ди тхыдэу къапщтэ хъуну?**

- «Энумэ Элиш» жиIэу, бабылей миф щыIэщ дунейр къызэригъэщIам теухуауэ. А тхыгъэр къызэрыригъажьэ псалъэухар дэтхэнэ адыгэми фIы дыдэу ещIэ! «Когда наверху не названо было небо, а земля внизу была безымянна», - жи. «Уафэр щымыджэмыпцIэу, щIылъэр щызэпцIагъащIэм дунейр хъыкIэ яухуэрт», - жыхуиIэр уигу къигъэкIыжыркъэ, Хьэтызэ?! Хъыбарыжьхэми нарт эпосми къыхэщыжыркъэ ар?! СызэреплъымкIэ, эпосыр Дунеймрэ ГъащIэмрэ къызэригъэщIам теухуауэ пасэрей цIыхум зэрылъэкIкIэ, и къэухь къызэритIасэкIэ ихъума щIэныгъэщ, тхыдэщ.

Ди IуэрыIуатэр нэхъ щIалэнущ «Энума Элиш»-м елъытауэ, къиIуатэри нэхъ тхыдэ сурэтщ. Псалъэм папщIэ, Хъудымыжьымрэ Лъэпщрэ зэрызэдэгъукIа пшыналъэр къыщIедзэ мыпхуэдэу: «Нарт Хъудымыжьыр Къургъутамэ къуажэжьым тест»... Иджы догупсысэ, жыIэгъуэр зэрыгугъум, къызэрыдгурымыIуэм щхьэкIэ дэгу-нэф зыдмыщIу! Хъудымыжьыр нартт, зы. ЕтIуанэрауэ, ар Къургъутамэ щыщт. Ещанэрауэ, щхьэ «тест» жиIэрэ? ЩыкъуажэкIэ дэсуракъэ? Сэ а жыIэгъуэр къызгурыIуэн папщIэ, пасэрей лъэхъэнэм адыгэм къыкIэщIэса алыджхэм я тхыдэмкIэ зызгъазэри, Къургъутамэ псалъэр уигу къигъэкIыжу къуажэцIэ, къалэцIэ сылъыхъуэу щIэздзащ. Апхуэдэу сытехьащ Темэн хытIыгуныкъуэм и пэнцIыв дыдэм деж Корокондама жыхуиIэ къуажэ цIыкIум и кIапэм. А жылагъуэр зытет щIы Iыхьэр псым гуилъэсыкIри, щIилъэфауэ щытащ. ИкIи нобэ археологхэмрэ дайверхэмрэ хы лъабжьэм щIэлъу къагъуэтыжащ щIы Iыхьэшхуэр зэрыгуэщэтам хуэдэу хым хэлъу, кхъуэщын, жьэгу, хьэпшып, пхъэ дакъэжьхэр, уеблэмэ гущэхэр хэлъу. Къургъутамэ куэд щIауэ къэзылъыхъуэ археологхэм къызэратIэщIамкIэ, мэуэтхэм я лъэхъэнэм (ди эрэм ипэкIэ 500 - 300 гъэхэм) ар алыдж къуажэу щытащ, ауэ нэхъапэIуэкIэ абы тесар адыгэщ, зыухуари нартхэрщ. Апхуэдэу, щIыпIэцIэ зыбжанэ къыхэзгъуэтэжащ алыдж тхыдэмрэ мифологиемрэ, дэ, адыгэхэм дымыщIэжу, е эпосым дыщрихьэлIэкIэ гу лъыдмытэу дызыфIэкIхэр.

«Нарт Хъудымыжьыр Къургъутамэ къуажэжьым тест», - псалъэухам Iуэхугъуэшхуэрэ лъэхъэнэ псорэ къеIуатэ: Нарт щIыналъэм алыджхэр къитIысхьауэ зэрыщытар, абы ипэжкIэ Кавказым нартхэр зэрисар, Къургъутамэр хытIыгуныкъуэм зэрытетар, ар псым зэрыщIилъэфар. Ар тхыдэкъэ? ЩIэныгъэкъэ? Апхуэдэ дапщэ дыгупсысэмэ къыдгурыIуэн хуейуэ Нарт IуэрыIуатэм итыр?

**- БыниплI зэрыппIым сыщыгъуазэщ, Анфисэ. Арами, зэман къахубогъуэт къэхутэныгъэхэми, апхуэдиз литературэр щIэджыкIынми, тхылъхэр тхынми, газетым ущылэжьэнми. Апхуэдизым дауэ ухунэсрэ?**

- Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу, Хьэтызэ, бын иIэу лэжьапIэ Iут дэтхэнэ анэри тIуащIэу гугъу йохь. Си щхьэкIэ, нэхъыжьитIыр щыдгъуэтам тхэн хущIыхьэгъуэ сиIакъым, сатеубгъуауэ сыпсэуащ, илъэс бжыгъэкIи зы хьэрф къыщизмытхъа зэмани сиIащ. Абы щыгъуэ си щIэщыгъуэт, анэу, унэгуащэу сыщыту си щыпэти, творчествэмрэ унагъуэмрэ схузэхуэмыгъэхъуурэ гугъу сехьащ. Ауэ щыхъум, унагъуэр япэ изгъэщри, тхэныр езгъэкIуэтэкIат. НэхъыжьитIыр къэжэпхъщ, сабий садым естри, телевиденэм сыщылэжьащ. Ещанэр къытхэхъуа нэужь, е сесэжа, е нэхъыжь цIыкIухэр къызэрыздэIэпыкъум зыгуэр сщхьэщиха, куэдкIэ нэхъ тынш хъуащ си Iуэхур. Пэжу, а лъэхъэнэм стха романитI дунейм къытезмыгъэхьауэ щылъщ, нэщIысыжын, теIэзэщIыхьыжын хуейуэ къысщохъури. КIэщIу жыпIэмэ, 2010 гъэм щыщIэдзауэ, 2018 гъэм пщIондэ зыри сымытхауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ, седжэрт. ИужькIэ стхахэр къызэныкъуэкъу хъунт, зыгуэрым сылъыхъуэу тхылъ куэд щIэзджыкIырт хущIыхьэгъуэкIэ. 2018 гъэм стхащ илъэс 16-кIэ зджа хьэтхэм я тхыдэм тесщIыкIа тхылъыр - «Хьэтхэр» романыр. Мыпхуэдизу удэзыхьэха «Япэрейхэр. Гуащэм и пшыналъэ» тхылъыр 2024 гъэм и бадзэуэгъуэ-шыщхьэуIу зыгъэпсэхугъуэ мазитIым стхащ, сабий еплIанэр си IэплIэм тесу. ГъэщIэгъуэнракъэ, сабийхэр нэхъыбэху, уи Iуэхури нэхъ тынш мэхъу. А нэхъыщIэр дунейм къытехьауэ сызэрыдэса илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу, нарт эпосым теухуауэ тхылъу щыIэр щIэзджыкIри, «Япэрейхэр...» тхын щIэздзат, ауэ напэкIуэцI 50 фIэкIа сымытхауэ сыкъэувыIэжауэ щытащ, щIэныгъэ схуримыкъуу. Псори зэхэту къапщтэмэ, иужьрей романым илъэси 4-кIэ сегупсысащ, ауэ мазитIкIэ стхащ. Апхуэдэурэщ... Пщыхьэщхьэм унагъуэ Iуэху, етIуанэ махуэм яшхынур сопщэфI, жэщым сотхэ, махуэр лэжьапIэм щызогъакIуэ. Иджыпсту Къаныкъуэхэ я лъэпкъ тхылъ сотх, къыкIэлъыкIуэну романым сегупсысауэ, материал зэхузохьэс. Ар ди лъэхъэнэм и 4-нэ лIэщIыгъуэм адыгэ щIыналъэм къыщыхъуа Iуэхугъуэщи, алыдж тхыдэтххэм, философхэм я деж мыхъумэ, нэгъуэщI щIыпIэ щыбгъуэтынукъым. Аращи, щIызоджыкI тхыдэр.

**- Тхьэм къыпхузэпищэ, Анфисэ! Дыныппоплъэ-тIэ.**

- Узыншэ ухъу, Хьэтызэ. ЩIэджыкIакIуэхэм я гугъэр къэзгъэпэжмэ - фIыт!

● ФщIэн папщIэ

# Хагъэхъуащ ахъшэу пагъакIуэм

**Ди щIыналъэм щагъэзащIэ 2021 - 2025 гъэхэм ятещIыхьа, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэхэр къыщызэпаудыныр къыщымыгъэхъуныр икIи жылагъуэ хабзэмрэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» къэрал программэу КъБР-м и Правительствэм 2021 - 2025 гъэхэм ятещIыхьауэ 2020 гъэм шыщхьэуIум и 31-м къыдигъэкIа унафэ №191-ПП-мкIэ къащтар. Абы пункт 1.3-мкIэ хагъэхьащ хабзэншагъэкIэ яхъумэ Iэщэхэр, шэхэр, къагъауэ Iэмэпсымэхэр езыхэм яфIэфIу ятыным цIыхухэр трагъэгушхуэн папщIэ лэжьыпхъэхэр. Республикэ бюджетым абы ахъшэ хухихащ.**

КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхухэмк Iэ министерствэу КъБР-м щыIэм и жэрдэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2024 гъэм дыгъэгъазэм и 27-м къищта унафэ №216-ПП-м ипкъ иткIэ езым фIэфIу Iэщэр, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, шэхэр, къагъауэ Iэмэпсымэхэр зытхэм ахъшэу пагъакIуэм хагъэхъуащ хуэдэ 1,5-кIэ.

**Гу зылъытапхъэ**: хабзэншагъэкIэ яхъумэ Iэщэр, абыхэм я шэхэр, къагъауэ пкъыгъуэхэмрэ ахэр къызэрагъауэ Iэмэпсымэхэмрэ зытыну хуейхэм зыхуагъазэ хъунущ Урысей МВД-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмк Iэ и щIыналъэ IуэхущIапIэм е полицэм и участковэ уполномоченнэм.

Езыхэр хуейуэ Iэщэ зэратам пэкIуэ ахъшэр къаIэрыхьэну хуитыныгъэ яIэщ Урысей Федерацэм и цIыхухэу илъэс 18 ныбжьым нэсахэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щатхауэ щыпсэухэм е абы щыIэу ятхахэм.

***ЦIыхухэм я фIэфIыныгъэкIэ ят Iэщэм, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм, боеприпасхэм, къагъауэ пкъыгъуэхэмрэ къызэрагъауэ Iэмэпсымэхэмрэ пэкIуэу иратыну ахъшэр зыхуэдизыр:***

кIэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 30000, автоматым - сом 52500-рэ, пулеметым - сом 60000, ГП-25, ГП-30 гранатэдзым - сом 37500-рэ, РПГ-7, 7В, 27 гранатэдзым - сом 33000-рэ, РПГ-18, 22, 26, 27 зэ къэгъэсэбэпыгъуэ гранатэдзым - сом 30000, СВД фочым - сом 60000, кIэрахъуэ-пулеметым - сом 37500-рэ, щакIуэ карабиным - сом 15000, щакIуэ фочым - сом 9000, газкIэ лажьэ кIэрахъуэмрэ револьверымрэ - сом 3000, кIэрахъуэ, револьвер IэрыщIым - сом 15000, ягъауэ Iэщэ IэрыщIым - сом 1500-рэ, къагъауэ пкъыгъуэм (тротил, аммонит, гексоген, нэгъуэщIхэри) зы граммым - сом 15, къагъауэ Iэмэпсымэм (ВВ, СВ-хэри хыхьэу) - сом 10500-рэ, къызэрагъауэ Iэмэпсымэм (электродетонатор, капсюль-детонатор, къэзыгъауэ, мафIэ, электрокъару зэрыкIуэ кIапсэхэр - метр бжыгъэм тещIыхьауэ) - сом 600, Iэщэм иралъхьэ шэхэр (артиллерие Iэщэр зэрагъауэхэр) - сом 6000, РПГ-м и шэм - сом 7500-рэ, РПО-А мафIэдзым - сом 30000, гранатэдзым (ВОГ-30, 25, 25П) и шэм - сом 7500-рэ, гранатэм (Ф-1, РГО, РГН, РКГ-3ЕМ, РГ-42) - сом 6000, инженернэ лагъымым (сапер лагъымым) - сом 3000, ягъауэ Iэщэм и пIатIронхэмрэ шэхэмрэ зы къэс - сом 30.




● Адыгэ лIакъуэхэр

# Бжьэдыгъухэр

**Ижь-ижьыж лъандэрэ бжьэдыгъухэр тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм - ТIуапсырэ Шачэрэ (Сочэрэ) я зэхуакум щыпсэуащ. Ахэр къэгъуэгурыкIуащ тIуүэ гуэшауэ - хъымыщейхэмрэ чэчэнейхэмрэ. XVII лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэм бжьэдыгъухэм тенджыз Iуфэр ябгынэри, Кавказ къуршхэм я ищхъэрэ лъэныкъуэр хэщIапIэ ящIащ. XVII лIэщIыгъуэм икIэхэм абыхэм яIыгъащ IэфIыпс псыхъуэм къыщегъэжьауэ Пшышэ нэс.**

XVIII-XIX лIэщIыгъуэхэм я щхьэхуитыныгъэм папщIэ бжьэдыгъу мэкъумэшыщIэхэм бэнэныгъэ гуащIэ ирагъэкIуэкIащ. 1796 гъэм щыIа Бзиикъуэ зауэм къыщыщIэдзауэ 1856 гъэ пщIондэ ар екIуэкIащ, зэм гъэпщылIакIуэхэр, зэми лэжьакIуэбэр текIуэу. Уэркъ-мэкъумэшыщIэ зауэр 1856 гъэм иухащ, пщы-уэркъхэр хэкум ирахуауэ, республикэ псэукIэ лъахэм щагъэпсауэ. Абы и унафэр цIыху 18 зыхэт тхьэрыIуэ хасэм и IэмыщIэ илът. Бжьэдыгъухэм я республикэр зэрыщыIар илъэсищ къудейщ - 1859 гъэм лъахэр урыс пащтыхьыдзэм иубыдри, адыгэхэм я демократие псэукIэр икъутэжащ.

Иджыпсту бжьэдыгъухэр зэуIуу щопсэу Адыгэ Республикэм, Краснодар краийм, Тыркум. Бжьэдыгъухэр адыгеибзэм (кIахэ адыгэбзэм) иропсалъэ.

● ГушыIэхэр

## Жьыуэ къэтэджыркъым

- Мы сурэтым къищыр дыгъэм и къыщIэкIыгъуэра хьэмэ и къухьэжыгъуэра?
- Дыгъэм и къухьэжыгъуэращ.
- Ар дауэ къэпщIа?
- Сэ мы сурэтыр зи IэдакъэщIэкIыр фIы дыдэу соцIыху: ар зэи шэджагъуэ мыхъуауэ къэтэджыркъым.

## Ди хэщIапIэр тхъуэжащ

Дизыкъуажэ и къуэр армэм дэкIат. Мо щIалэр гугъуехьым къигъэдзыха - зэкIэлъигъэпIащIэу письмо къитхыу щIидзащ, тхьэусыхафэкIэ гъэнщIауэ...

Ар зыужэгъуа Дизыкъуажэ тIысри, и къуэм письмо хуитхыжащ: «Си къуэ, нэгъуэщI щIыпIэ дыIэпхъуащи, ди хэщIапIэщIэр недгъэхьыху, къыумытх!»

ЛЫХЬ Людмилэ.

# Лы зыдэлъ дэлэн

● Шхыныгъуэ



ПЩАГЪЭ зыхэлъ тхьэвыр Iихьэтуэ ягуэш: зыр - г 500, адрейр - г 300 хъуэ. Ахэр хъурей ящIри, тэджын щхьэкIэ дакъикъи 6 - 8-кIэ щагъэт. ИтIанэ Iэнэм хьэжыгъэ траудэри, тхьэв нэхъ иныр хъурейуэ, мм 7 - 8 и Iувагъыу, яху. Ар тебэ гъущэ къэплъам иралъхьэ. Абы и щIыIум лы хьэжа тралъхьэ, тхьэв кIапэр къыщIэщу. ЕтIуанэ тхьэвыр мм 3 - 4 и Iувагъыу яхури, лы хьэжам и щIыIум тралъхьэ, и лъабжьэм щIэлъ тхьэвым и кIапэр къыдраIэтейм, и щхьэм телъым и кIапэр ирашэхыурэ зэкIэрагъапщIэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра дэлэным и щхьэм и кум хуэзэу гъуанэ хуащI, см 2 хъуэ. Дэлэныр захуэ ящI, дакъикъи 10 - 12-кIэ щагъэт, хьэкулъэм ирагъэувэри ягъажьэ хьэзыр хъуху, дакъикъэ 20 - 30 хуэдизкIэ. Яшх хуабэу, Iыхьэу зэпыупщIауэ. Дэлэныр щабэ хъун щхьэкIэ, и щIыIум тхъуцIынэ щахуэ.

*Дэлэным дэлъ лыр зэрагъэхьэзырыр:* лы цIынэр г 25 - 30 хъуэ зэпаупщI, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, лыхьэжым щIагъэкI, бжьыныщхьэ цIынэ щIыгъуу. Абы къуэнтхъурей упщIэта, шыгъу, бурш хьэжа, шыбжий сыр хьэжа, джэдгын, псы щIыIэ хакIэри, фIыуэ зэхагъэзэрыхь. ИтIанэ, абы халъхьэ цIыкIунитIэу упщIэта щэ тхъурымбэ, аргуэру фIыуэ зэхагъэзэрыхьыж.

*Халъхьэхэр:* Тхьэвым: гуэдз хьэжыгъэу - г 500, псыуэ - г 250-рэ, пщагъэу - г 15, джэдыкIэ цIынэу - 1, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

*Дэлэным дэлъынур:* лы цIынэу - г 500, щэ тхъурымбэу - г 150-рэ, бжьыныщхьэу - г 200, псы щIыIэу - г 250-рэ, шыгъуу, шыбжийуэ, буршу, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз, дэлэн жьам щахуэ тхъуцIынэу - г 30.

● ТеплъэгъуэхэР

## МыIэрысейм и жэуапыр

Зэи зыри къызыпымыкIэ жыгыр мыIэрысэ куэдыщэм зи къудамэхэр кърищIэх мыIэрысейм щIэнакIэрт: «Еплъ абы и нэпсеягъым! Пхуэмыгъынум хуэдиз къэпщтауэ щхьэ уи къудамэхэр ебгъэкъутэрэ?! Гъэ къэси аращ къыпщыщIыр. Зэ губзыгъэ щхьэ умыхъурэ?!»

МыIэрысейм абы щэныфIэу жэуап ирет: «Пэжщ, си къудамэ зытIуи къутащ, яхуэIыгъакъым къапыкIам и хьэлъагъыр. Ауэ ар Iуэхукъым, сэ абы сыкъелынщ. Нэхъыщхьэр - къыпыкIа мыIэрысэ куэдым цIыхухэр зэрагъэгуфIэнурщ. Аракъэ атIэ насып жыхуаIэжыр?! Ауэ ар уэ къыбгурыIуэнукъым: уэ игъащIэм зи пхъэщхьэмыщхьэ цIыкIуи къыппыкIакъым, итIани укъысхущIобжэ, насыпыншэ!»

## Щхьэмрэ лъакъуэхэмрэ

Щхьэм зигъэщIагъуэрт:

- Сэращ IэпкълъэпкъыМ нэхъ губзыгъэ дыдэу хэтыр, нэхъ лъагэуи зызыIэтар!

Абы и жэуапу лъакъуэхэм жаIащ:

- Пэжщ, уэ угубзыгъэщ, IэпкълъэпкъыМ щыщу нэхъ лъагэ дыдэу зызыIэтари уэращ. Ауэ, дэ, лъакъуэхэм, ди мыхьэнэри хуумыгъэкIуадэ, дэ укъедмыхьэкIыу щытамэ, дэнэ унэсынт уэ, сыти уи псэукIэнт?! Аращи, лъагэу уIэтауэ псэу, ауэ дэри дызыщумыгъэгъупщэ.

Щхьэр гупсысэри, абыкIэ арэзы хъуащ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Фэ фщIэрэ?

## БгъуэщIэс

Адыгэ Iэнэм ехьэлIауэ хабзэ зыгъэзащIэ цIыху. ГуфIэгъуэ, хьэгъуэлIыгъуэ щекIуэкIкIэ, Iэнэм пэрысхэр, хьэщIэхэр зыхуей хуигъазэу абы егъэбыдылIа цIыхум «БгъуэщIэскIэ» йоджэ. Языныкъуэ куейхэм «бгъуэщIэсым» и пIэкIэ «щхьэгъэрыт» псалъэр къыщагъэсэбэп.

## Бгъурытыбжьэ

Унэишэм деж, нысащIэм ибгъу зырызымкIэ щыту, ар гуащэмрэ адрей цIыхубз нэхъыжьхэмрэ ятезыгъэхьэ бзылъхугъитIым «Пхъужь къафэм» щIидза иужь, бжьэрэ шхын тепщэч зырызрэ «уэредадэ» жызыIэ цIыхухъухэм ират. Абы зэреджэр «Бгъурытыбжьэщ».

Ди зэманым хабзэр щIыпIэ псоми щагъэзащIэжыркъым, хэхауэ «БгъурытыбжьэкIэ» еджэу къэфапщIэ щатыр Аруан районым ис къуажэхэрщ.

## Бгъурышасэ

Жылагъуэ зэхэтыкIэм ехьэлIа хабзэ къэзыгъэлъагъуэ, ауаныбзэм къыхэкIа псалъэщ. Пасэм щыгъуэ и Iуэху къигъэнауэ, пщыжь-уэркъыжьхэм ядэшэсу, къыдакIухьу зэманыр пщIэншэу зыгъэкIуэд цIыхухэм ярищIэнакIэу адыгэхэр «БгъурышасэкIэ» еджэу щытащ.

● ЖыIэгъуэхэр

## ГъащIэр щэхущ

♦**Псэлъафэ гуэр зимыIэ щыIэкъым.**
♦**ЖыпIам нэхърэ жумыIам ухущIегъуэжмэ, нэхъыфIщ: хьэргъэшыргъэншэщ.**
♦**Чэнджэщ кIыхьыр Iуэху зэIыщIэщ.**
♦**Дзыгъуэр и шхыныгъуэмэ, джэдум сыт и лажьэ?**
♦**УщиякIуэ Iущым ныкъусаныгъэм къыщыщIидзэркъым.**
♦**ГъащIэр щэхущ: щхьэж нахуэ къыхуэщIыр и Iыхьэщ.**
♦**ФIыр щыхуалэм, Iейр щогъагъэ.**
♦**Щэху зэрабзыщIыр щхьэщ, зэраIуатэр бзэщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

# Псалъэзэблэдз



*ЕкIуэкIыу:* **7**. ЗыптхьэщIмэ, нэху ..., уущмэ, гъуэгум хощI. **8**. Гур кIуэдмэ, ... щIэкIыркъым. **9**. ЩыкIыр ... мэхъу. **10**. Иужь акъыл нэхърэ - ... акъыл. **12**. Жэмым ... и гъэшщ. **14**. Ныбгъуэр хьэм хэсми ... игу хуэгъэзащ. **15**. ...-жыIэ цIыкIу Iуатэщ. **16**. Уи ... фIыуэ зылъагъум уи щхьи фIыуэ елъагъу. **18**. ... хъуныгъэ хущхъуагъэ хэлъщ. **20**. Дыгъужьым ... зыфIихьынур и пыIэ щыгукIэ къещIэ. **21**. Адыгэ хабзэр ... щIэиныжьщ. **22**. Я выр уэдрэ я ... пшэрмэ, унагъуэщ.

***Къехыу:*** **1**. Зэдэшхэ ..., зэдэфI унэщ. **2**. Уи ... гъэIэси, уи нэмыс гъэбыдэ. **3**. Зэкъуэш ... зы анэм къилъхуркъым. **4**. ТхьэкIумэм ... нэхърэ нэм илъагъу. **5**. Дзыгъуэр гъуэм ..., фэлъыркъэб зыкIэрещIэ. **6**. Зэхьэзэхуэ ..., зэижитI мэунэхъу. **11**. ... икIыгъуэм унэмысу уи кIэ умыIэт. **13**. Жэм лъакъуэ ... иукIрэ? **16**. Биижь ... хъуркъым, благъэжь бий хъуркъым. **17**. Я нэхъыкIэм гухъу ... щIеуд. **18**. Нэм ... Iэбэм еух. **19**. Зи щхьэ мыузым уи ... хуумыIуатэ.

Зэхэзылъхьар
БИЦУ Жаннэщ.

***Бадзэуэгъуэм и 19-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Тхьэгъу. **3**. Къурыкъу. **5**. Мардэ. **8**. Мыл. **10**. КIэн. **11**. Къып. **12**. Гъэр. **13**. Хьэмыку. **15**. Ныджэ. **16**. Къулей.
***Къехыу:*** **1**. Темыркъан. **2**. Гъум. **3**. Къуэ. **4**. Къуэнтхъурей. **6**. Амщокъуэ. **7**. Духьэшы. **9**. Лэгъуп. **10**. КIыргъ. **13**. Хьэ. **14**. Кукъу.

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ



# ГъэщIэгъуэну, купщIафIэу, шынагъуэншэу

**Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр шынагъуэншэу икIи къызыхуэтыншэу ехьэкIыным гулъытэшхуэ щегъуэт ди республикэм. Къэрал унафэщIхэм я нэIэм щIэмыкI а Iуэхугъуэр ди щIыналъэм и гуащIэгъуэу щокIуэкI.**

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ лъэхъэнэр яублэным ипэ къиxуэу республикэм и школ псоми щрагъэкIуэкIащ сабийхэм шынагъуэншэу загъэпсэхуным хуэгъэпса дерс щхьэпэхэр. Псори зэхэту къапщтэмэ, ди республикэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм, гъунэгъу щIыналъэхэм къикIыу ди деж зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм папщIэ мы гъэмахуэм мэлажьэ апхуэдэ IуэхущIапIэ 35-рэ. Абыхэм ящыщщ курыт школхэм къыщызэрагъэпэща махуэрылажьэ гъэмахуэ лагеру 22-рэ. Абыхэм зыщагъэпсэхуну икIи я нэгу зыщрагъэужьыну мы гъэм Iэмал яIэщ сабий минрэ нықъуэм щIигъум.

Апхуэдэуи цIыкIухэм я узыншагъэр щрагъэфIакIуэ, я нэгу зыщрагъэужь IуэхущIапIэ 13-м. Абыхэм яхэтщ Iуащхьэмахуэ щIыналъэ къуршылъэм щылажьэ лагерихри. Абыхэм я нэхъыбапIэр къыщызэIуахащ Iуащхьэмахуэ лъапэ, Налшык, Терскол къалэхэм. Азау хуейм щолажьэ бгыхэм лъэрыжэкIэ къыщыжыхьыным хуезыгъасэ лагерышхуэ. Апхуэдэу Джылы-Су и Iэхэлъахэ щIыпIэм щыIэ зыгъэпсэхупIэм ныбжьыщIэхэр щыхуагъасэ бгылъэхэм щытыкIэ къызэрымыкIуэ ущихуэмэ, сэбэп узэрызыхуэхъужыфыну Iэмалхэм. НэгъуэщI лагерхэм щокIуэкI инджылызыбзэмкIэ, хъыбарегъащIэ программэхэмрэ технологиещIэхэмкIэ, спортымрэ щэнхабзэмкIэ курс зэмылIэужьыгъуэхэр. Апхуэдэу сабий IуэхущIапIэхэм ящыщ дэтхэнэми щызэхэухуэнащ зыгъэпсэхунри, еджэнри, нэгузегъэужьынри.

КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэм хъыбар къызэритамкIэ, ди республикэм и санаторэхэмрэ лагерхэмрэ дызэрыт гъэмахуэ лъэхъэнэм къриубыдэу зыщагъэпсэхуну Iэмал яIэнущ сабий мини 7-м щIигъум. А бжыгъэм хеубыдэ гъащIэм щытыкIэ гугъу щихуа унагъуэхэм, сабий куэд зыпIхэм, адэ-анэм я нэIэм щIэмытыжхэм, ди къэралым гъунэгъу щIыналъэм щригъэкIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм ящыщ ныбжьыщIэ мини 3-м щIигъур. Апхуэдэ сабийхэр зыгъэпсэхупIэхэм лъэпощхьэпоуншэу, чэзум емыжьэу икIи пщIэншэу ягъакIуэ.

Сабийхэм я мыгъэрей зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм хухахащ псори зэхэту сом мелуан 74-м щIигъу.

ЦIыкIухэр махуэ 21-кIэ здэщыIэфыну школ лагерхэм лэжьыгъэр къыщызэрагъэпэщ егъэджакIуэрэ гъэсакIуэу 200-м нэсым, пщэфIэн Iуэхум пэрытщ IэщIагъэлI 50-м щIигъу. Сабийхэм я узыншагъэм кIэлъоплъ медицинэ лэжьакIуэ пщIы бжыгъэхэр. КъинэмыщIауэ, ныбжьыщIэхэм ядолажьэ вожатэ гупхэр, лагерхэм щыIэ къабзагъэм кIэлъоплъ ар зи пщэрылъ цIыху 40-м щIигъу. А IэщIагъэлIхэри IуэхущIапIэхэри къызыхуэтыншэу гъэмахуэ лъэхъэнэм лэжьэным я зэфIэкI езыхьэлIахэм ящыщщ «Пэрытхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо зэгухьэныгъэм ди республикэм щиIэ къудамэм хэт ныбжьыщIэхэр, студент жыджэрхэр. ГъэсакIуэхэм гулъытэ хэха хуащI ныбжьыщIэхэм щIэныгъэщIэ егъэгъуэтыным, лагерхэм зэрыщыIэ зэманыр гукъинэж ящыхъуным. Псом хуэмыдэу балигъхэр йолIалIэ сабийхэм хэкупсэ гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ нэхъ шэщIауэ зэрадэлэжьэным. Ар, дапщэщи хуэмыдэу, мы лъэхъэнэм гулъытэшхуэ зыгъуэт унэтIыныгъэщи, мыбдежми IэщIыб щащIыркъым. НыбжьыщIэхэм къахуоджэ лекцэ зэмылIэужьыгъуэхэм, СВО-м, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм хуагъазэ, лIыхъужьыгъэм и дерсхэр, пшыхь купщIафIэхэр къыхузэрагъэпэщ.

Мыгъэрей зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм къриубыдэу республикэм щылэжьэнущ унэтIыныгъэ хэха зиIэ лагерхэри. Апхуэдэу, «ДыгъафIэ къалэм» щыIэщ математикэр зыфIэхьэлэмэтхэм, зи къэухьым хэзыгъэхъуэну гукъыдэж зиIэхэм папщIэ лагерхэр. Зэреджэ программэм и лейуэ ныбжьыщIэхэм щадэлажьэ IуэхущIапIэхэми къыщызэIуахащ егъэджэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщызэрагъэпэщ гъэмахуэ утыку цIыкIухэр. Зыгъэпсэхугъуэ зэманым гулъытэ ягъуэт зи узыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэми. А лэжьыгъэр къызэрагъэпэщынущ «Псоми ди зэхуэдэ Iэмалхэр» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ. «Лэгъупыкъу» лагерым щолажьэ апхуэдэ гупхэр.

Зи ныбжьыр илъэс 14 - 17 хъу ныбжьыщIэхэм папщIэ мэлажьэ «Зи щIалэгъуэхэм я щIыналъэ» федеральнэ программэ хэхар. Абы къыщыгъэлъэгъуа Iуэхугъуэхэм япкъ иткIэ ныбжьыщIэхэм зыхуагъасэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ проектхэр гъэхьэзырыным, жыджэрагъ яхэлъу Iуэхугъуэфl зэмылIэужьыгъэхэм я жэрдэмщIакIуэ хъуным.

Сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм хуэщIа IуэхущIапIэ псори я лэжьыгъэкIэ епхауэ щытщ щIыпIэхэм щыIэ медицинэ IэнатIэхэм, хуей хъумэ, дэIэпыкъуэгъу хъун папщIэ. Къыхэдгъэщынщи, апхуэдэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр пщIэншэщ лагерым зыщызыгъэпсэху сабийхэми абы щылажьэ IэщIагъэлIхэми папщIэ. Зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэм къриубыдэу апхуэдэ IэщIагъэлIхэр псом хуэмыдэу нэхъ хуэнабдзэгубдзаплъэщ сабий куэдым зэуэ узыфэ зэрыцIалэ лIэужьыгъуэ гуэри къапкърымыгъэхьэным, фэбжь ямыгъуэтыным. Ахэр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ зэманым я лэжьыгъэкIэ епхащ къэрал IэнатIэ куэди. Апхуэдэхэщ, къапщтэмэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ, КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ я министерствэхэр, «Роспотребнадзор»-м, МЧС-м КъБР-м щаIэ IэнатIэхэр, нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми я IэщIагъэлIхэм къызыхуэтыншэу ягъэзащIэ сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм ехьэлIауэ я пщэ къыдэхуа къалэн псори.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Сурэттехым и дунейр



**Налшык дэт «Сигу ирохь» студием щагъэлъагъуэ Керженцев Максим триха сурэтхэр.**

МАКСИМ и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм къызэщIрагъэубыдащ иужь зэманым абы трихахэм ящыщ, зытеухуа и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыха сурэт 60-м нэблагъэ. IуэхущIапIэр зей ХьэцIыкIу Миланэ къыджиIащ илъэс зыбжанэ хъуауэ Максимрэ абырэ зэрызэрыцIыхур, илъэс 20-кIэ узэIэбэкIыжмэ я лэжьыгъэхэр Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапIэм и утыкум зэгъусэу щрахьауэ зэрыщытар. Миланэ щIигъужащ щIалэм сурэттех IэщIагъэм щиIэ зэфIэкIхэм зэрызригъэужьыр зэригуапэр.

Къызэхуэсахэм жаIащ нэхъапэм Керженцевым и сурэтхэм Интернетымк Iэ кIэлъыплъу щытамэ, иджы и напэкIуэцIыр зэримыгъэлажьэм къыхэкIыу апхуэдэ Iэмал зэрамыIэжыр я жагъуэ зэрыхъур. Миланэ выставкэм кърихьэлIахэм Максим яригъэцIыхуа нэужь, жиIащ и сурэтхэм дахьэххэм ар къыщалъхуа махуэм гъэлъэгъуэныгъэр тыгъэ зэрахуищIар. И ныбжьэгъум ар ехъуэхъуащ и IэщIагъэм ехъулIэныгъэхэр къыхуихьыну, сурэттех цIэрыIуэ хъуну.

Керженцев Максим сурэт техыным илъэс 20 хъуауэ дехьэх, илъэси 10 хъуауэ а IэнатIэм пэрытщ. Уэрамым зыщрихьэлIэ теплъэгъуэхэр, гъэм и сыт хуэдэ зэманми щIыуэпсым и дахагъэр, цIыхухэм я портретхэр и сурэтхэм нэхъыбэу къыщегъэлъагъуэ.

Декоративно-прикладной гъуазджэм и IэпщIэлъапщIэ, пасэрей лъэпкъ IэщIагъэм и хъумакIуэ Мэзло Руслан къыхигъэщащ сурэт техыным къыдэкIуэу, сурэт щIынми Максим зэфIэкI зэрыщиIэр, езым и лъэщапIэм и сурэтипщIым нэблагъэ зэрыщихъумэр, абыхэм еплъыну гукъыдэж зиIэ яхэтмэ, апхуэдэ Iэмал зэраIэр. Абы щIигъужащ и ныбжьэгъум ищIа сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъи зэрыпэплъэр.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэща ХьэцIыкIу Миланэрэ абы зыкъэрезыгъэхьэлIахэмрэ Керженцев Максим фIыщIэ яхуищIащ.

ХьэцIыкIу Миланэ къызэхуэсахэм яжриIащ гъэлъэгъуэныгъэ къыщызэIуах махуэхэм ирихьэлIэу гупыж зыщI дэтхэнэми я студием сурэтхэр щызытрагъэхыну Iэмал зэраIэр.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей** *Элинэ трихащ.*



# ЩIыпIэр къагъэщIэрэщIэж

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм 2025 гъэм щIыналъэм туризмэм зыщегъэужьыным хуэунэтIауэ субсидие етынымкIэ ирагъэкIуэкIа зэпеуэм къприкIуахэр наIуэ къащIащ.**

ПхагъэкIа проектхэм ящыщщ Кизиловкэ бгым ирикIуэ лъэс лъагъуэр къэгъэщIэрэщIэжыныр. Узыншагъэр егъэфIэкIуэжыным хуэщIа лъэс лъагъуэр «Налшык» курортым и щIыпIэ нэхъ дахэхэм, апхуэдуэи къалэм щыпсэухэми абы и хьэщIэхэми ягу къыдыхьа зыгъэпсэхупIэщ.

«Мы проектыр къалэмкIи республикэмкIи мыхьэнэшхуэзиIэщ. Абыизыгъэпэщыжыным теухуа упщIэр къызэрыуврэ куэд щIащ, Iэмал зэхуэмыдэхэми дыхэплъащ. Мы гъэм «Туризм и гостеприимство» лъэпкъ проектым хэту субсидие къыдахыну лъэIу къататщ. Къагъэлъэгъуа проектыр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу зэрагъэхьэзырам и фIыгъэкIэ зэпеуэм къыщыхэжаныкIащ. Абы щрагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм министерствэм сом мелуан 52-рэ хухихынущ. КъагъэщIэрэщIэжа щIыпIэм етIанэгъэ цIыхухэр «иригъэблэгъэнущ», - жиIащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр Быф Аскэр.

Апхуэдэу абы къыхигъэщащ къэгъэщIэрэщIэжа лъэс лъагъуэр спортым зыхуэзыгъасэхэми абдеж зыщызыгъэпсэхухэми я тыншыпIэм хуэщIауэ зэрыщытынур, щIыпIэм «Налшык» курортым дихьэххэм къазэрыхигъэхъуэнум икIи узыншагъэр егъэфIэкIуэжыныммкIэ туризм центру абы и цIэр зэригъэIунур.

Проектыр зэхагъэуващ республикэм щыпсэу творческэ гупым, абы хэтащ архитекторхэр, дизайнерхэр, маркетологхэр.

Зэпеуэм проектищ нэхъыфIу къыщалъытащ, республикэм и турист IэнатIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсауэ. Кизиловкэ бгым дэкI лъэс лъагъуэр къэгъэщIэрэщIэжыным къищынэмыщIауэ, я мурадщ псыгуэн яухуэну.

Фыдогъэблагъэ!

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэ.

«Б» дивизионым и Япэ гуп.
ЕпщыкIубгъуанэ джэгугъуэ
«Спартак-Налшык» - «Сочи-2» (Сочэ)
Налшык. «Спартак» стадион.
Бадзэуэгъуэм и 26.
Сыхьэт 16-рэ дакъикъэ 30-м.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту яттхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-20-88; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.219
• Заказыр №1602

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинын и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, егъгуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А